**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M**

**WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYAZ ATINDAG`I’ NO`KIS MA`MLEKETLIK**

**PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI**

**PEDAGOGIKA FAKULTETI**

**”MAKda qorg’awg’a ruxsat yetilsin”**

**”Pedagogika” fakulteti dekani’**

**____________ docent Z.Klicheva**

**«Muzi’kali’q ta’lim»kafedrasi’**

**5111100- Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ IV – basqi’sh pitkeri’wshisi Jumanazarov Sultanbek Sabitovichtin’**

**«Muzi’ka sabag`inda interaktiv metodlardan paydalani’w ma’seleleri’» temasindag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI'SI'

**Pitkeri’wshi:** **Jumanazarov Sultanbek**

**Ilimiy basshi’:** **Muzi’kali’q ta’lim kafedrasi’ wo’qi’ti’wshi’si’ p.i.k. S.Romanova**

**«Qorg`awg`a usi’nis yetilsi’n»**

«Muzi’kali’q ta`lim»

Kafedrasi baslig`i, docent ____ **S. Tajetdinova**

«____» __________ 2015

Nokis -2015

**Tema:** “Muzi’ka sabag`i’nda interaktiv metodlardan paydalani’w ma’seleleri’»

JOBA:

Kiri’siw.

I-Bap. Ta’limde pedagogikali’q texnologiya ha’m de mekteplerde muzi’ka ta’limi.

1.1. Ta`limde pedagogikali’q innovacion texnologiya mazmuni’.

1.2**.** Muzi’kali’q bilim beri’w boyinsha pedagogikali’q texnologiyalar tiykarg’i’ ma`selesi.

II-Bap Muzi’ka ta’limini procesi’nde woqi’wshi’lardin` wo’z betinshe do`ryetiwshi ko`nlikpeleri’n rawajlandiri’w texnologiyalari’.

2.1. Woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik ko`nlikpeleri’n qa`liplestiri’wde interaktiv metodlar ha’m sabaqtan ti’s muzi’ka ta’liminde innovacion a`meliy juwmaq ma’seleleri’.

Juwmaqlaw.

**Mazmuni**

Kiri’siw……………………………………………………………………………..4

I-Bap. Ta’limde pedagogikali’q texnologiya ha’m de mekteplerde muzi’ka ta’limi.

1.1. Ta`limde pedagogikali’q innovacion texnologiya mazmuni’……………….9

1.2**.** Muzi’kali’q bilim beri’w boyinsha pedagogikali’q texnologiyalar tiykari’ ma`selesi…………………………………………………………………..17

II-Bap Muzi’ka ta’limini procesi’nde woqi’wshi’lardin` wo’z betinshe do`retiwshi ko`nlikpeleri’n rawajlandiri’w texnologiyalari’.

2.1. Woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik ko`nlikpeleri’n qa`liplestiri’wde interaktiv metodlar ha’m sabaqtan ti’s muzi’ka ta’liminde innovacion a`meliy juwmaq ma’seleleri’……….……………………………………………41

Juwmaqlaw…………………………………………………………………63

Paydalani’lg’an a’debiyatlar………………………………………………65

# KIRISIW

**Temani’n` aktualli’g`i’**.

Prezidentimiz I.A.Kari’movti’n` ta`limindin’ bunnan bilay da rawajlandiri’w, bul bag`darda kadrlar sistemasi’n jyetilistiri’w, balalar muzi’ka ha`m ko`rkem - wo`ner mektepleri’nin` materi’alli’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlew haqqindag`i’ arnawli’ bag`darlama ha`m ilajlar tuwrali’ 2008-jili 7-yanvar`dag`i biyri’g’i’ ha`m 2008-jil 8-iyun`dag`i’ qarari’ buni’n` ayqin da`liyli. Muzi’kali’q ta`limnin` zamanago`y pedagogikali’q texnologiyalari’ yen` da`slep bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshilari’ni’n` do`ryetiwshilik qa`biletin rawajlandiri’wg`a, wolardin` joqari’ professional pedagogikali’q tayarli’g`in ta`miyinlewge ja`rdem beryedi. Sonin` ushin da texnologiya ha`m pedagogika iliminin` rawajlani’wi’na teori’yali’q ha`m a`meliy jaqtan salmaqli’ u`les qosqan ilimpazlar, bolajaq qa`nigelerdin` pedagogikali’q sheberligin puxta iyelewleri’ne ayri’qsha itibar bergen yedi. Woqi’ti’wshi’ni’n’` pedagogikali’q sheberligi mashqalalari’ Yu.P. Azarov, F.N. Gonobolin, N.V.Kuz`mina, A.N. Sherbekova, V.A. Slastyonin, V.F.Shatalov ha`m basqa ilimpazlardi’n` ilimiy isleri’nde wo`z sheshimin tapqan.

G`a`rezsiz O`zbekstannin` salamat jas, keleshek a`wladlari’n, bolajaq watanparwarlari’n ta`rbiyalaw, son`g`i na`tiyjede woqi’ti’wshi’ni’n` moyni’na tu`syedi. Pedagogikali’q do`ryetiwshilik xi’zmet si’pati’nda jan`ali’q jaratiw bolip, wo`zinin` ta`kirarlanbas social ma`nisi menen aji’rali’p turadi’. Pedagogikali’q do`ryetiwshiliktin` wo`zine ta`nligi, ta`kirarlanbasli’g`i’ sonda, woni’n` juwapkeri’ si’pati’nda insan shaxsi’ qa`liplesedi.

Ha`zirgi ku`nde pedagogikali’q a`debiyat, woqi’ti’w maseleleri’nde «jan`a pedagogikali’q texnologiya», «aldi’ng`i’ pedagogikali’q texnologiya», «zamanago`y pedagogikali’q texnologiya», tu`si’nikleri’ ken` paydalani’lmaqta. Biraq, «pedagogikali’q texnologiya» tu`si’nigi yele de bir qa`lipke tu`siri’lmegen, ni’zamlarda tu`si’ndiri’lmegen, woni’n` mazmuni’ bir pu`tin

analizlenbegen ha`m soni’n` ushi’n tusi’nikti bir biri’nen pari’qlawshi’ ko`p g`ana si’patlamalar bar. Bulardi’n` arasi’nda itibarg`a ilayi’g`i’ Yuneskoni’n` si’patlamasi’ boli’p tabi’ladi’. «Pedagogikali’q texnologiya» - bul pu`tkil woqi’ti’w ha`m bilimlendiri’wdi wo`zlestiri’w bari’si’nda wo`z aldi’na woqi’ti’w formalari’nin` na`tiyjeliligin asiri’w waziypalari’n qoyiwshi texnikali’q ha`m shaxs resurslari’ ha`m wolardin` wo`z ara baylanisi’n yesapqa ali’p, bilimlerdi jarati’w, qollani’w ha`m belgilewdin` dizimli usi’li’».

Barli’q pa`n woqi’ti’wshilari’ si’yaqli’ bilimlendiri’w sipatin ha`zirgi ku`n talabi’ da`rejesi’ne jetkiziwde sheber muzi’ka woqi’ti’wshi’'si’n ta`rbiyalawdi’n` worni’ ayri’qsha wori’nda turadi’.

Ha`zirgi waqi’tta muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n` worta bilim beri’w mektepleri’nde woqi’wshi’lardi’ muzi’ka sabaqlari’nda aldi’ng`i’ pedagogikali’q texnologiyalar tiykari’nda woqi’ti’w ha`m woni’n` na`tiyjesi’nde ha`r ta`repleme rawajlang`an ka`mil insandi’ ta`rbiyalawg`a bag`darlang`an kompleksli usi’li’n jarati’w boli’p tabi’l'adi’.

Tek dizimli jantasi’w pedagogikali’q texnologiyani’n` woqi’ti’wg`a bag`darlang`an maqsetleri’, woni’n` ani’q mazmuni’, woqi’ti’w ha`m bilim beri’w usi’llari’, qadag`alaw ha`m na`tiyjelerdi bahalawda wo`z-ara baylanista ha`m bir-biri’ menen ti’g`i’z qatnasta joybarlasti’ri’w, ko`binshe da`stu`ri’y woqi’w barsi’nda jeti’speytug`in si’pat boli’p tabi’ladi’. Mi’sali’: ko`p jag`daylarda bilimlendiri’w, tiykari’nan mag`liwmat beri’wge bag`darlang`an, bilim ali’wshi’ni’n` keleshek iskerligi bolsa, belgili islerdi wori’nlaw ya’ki sho`lkemlestiri’wshi’, basqari’w ha`m ka`siplik qararlardi’ qabi’l yetiw menen baylani’sli’ boladi’. Bi’raq ayi’ri’m woqi’w wori’nlari’nin` biri’nde bilim ali’wshi’lar bilimin qadag`alaw usi’li’n, barli’q pa`nler ushi’n bir tu`rde qabillang`anli’g`i’, wolardi’n` bir-biri’nen wo`zgesheligin yesapqa almay, tiykarsi’z belgilengenligi.

Ta`lim maqsetlerinin` aji’rati’lg`an tali’qlani’wi’ «texnologiyali’q» islenbeleri’nin` didaktikali’q ta`repinen toli’q bolmasli’g`i’.

Ha`zirgi da`wir talabi’na say ha`reket yetiw ushi’n imkaniyati bola turi’p, wo`z waziypasi’n neden baslawdi’ bilmey qi’ynali’p ati’rg`an woqi’ti’wshi’lar menen birge, muzi’ka qa`nigeligine yag`ni’y ta`lim tarawi’na birden kiri’p qalg`an woqi’ti’wshi’larg`a keleshek a`wlatti’ isenip tapsi’ri’w-bul yen` dag`dari’sli’ mashqalalardi’n` biri’ boli’p yesaplanadi’.

Muzi’ka ta`liminde woqi’wshi’lardi’ bilim menen birge do`retiwshilik qa`biliyetin wo`siri’w u`lken a`hmiyetke iye, sebebi bugingi ku`nnin` ta`lim sistemasi’nda tu`rg`an yen` aktual ma`selelerden biri’ boli’p turi’pti’. Woqi’wshi’lar wo`zleri’ muzi’ka ta`limi processi’nda wo`zini ashi’lmag`an wo`zgeshelikleri’n ko`rsetiwi, ishindegi woylari’, maqsetlerin, kishi pikirleri’n shi’g`ari’wda yen` na`tiyjeli qural boli’p yesapdlanadi’. Woqi’wshi’ jaslardi’ ishki sezimleri’ni ani’qlap wog`an ja`nede bilim beri’w yen` an`sat ha`m de na`tiyjeli bilim beri’w boli’p tabi’ladi’. Bul bolsa biz tan`lag`an maseleni aktual yekenligini bildiryedi.

**Bakalavr jumi’si’ni’n` tiykarg`i’ maqseti ha`m wazi’ypasi’.** Jumi’sti’n` tiykarg`i’ maqseti jan`a pedagogikali’q texnologiyalar ja`rdeminde sabaq wo`tiw usi’llari’n qa`liplestiri’w, jaslardi’ go`zzalli’qqa ta`rbiyalaw, wo`z betinshe do`retiwshilikke u`ndew, ta`lim menen birge woqi’wshi’lardi’ kamil insanlar boli’p jetilisiwi ushi’n wolardi’n` do`retiwshilik qa`biliyetin ju`zege shi’g`ari’wda innovacion texnologiyalardan paydalani’w maselesin ashi’p beri’w. Usi’ maqsetke tiykarlani’p bir neshe waziypalardi’ qoydi’q.

Bular, Pedagogika ta`limi-ta`rbiyasi’ boyi’nsha izertlengen ilimiy jumi’slardi’ woqi’p izleniw; -innovacion texnologiya ha`m de pedagogikali’q texnologiya boyi’nsha tu`si’niklerdi ani’qlaw; -pedagogika ha`m didaktika haqqi’nda belgili bilimlerdi juwmaqlasti’ri’w; -ali’ng`an bilim ha`m de a`meliyatlardi’ birlestiri’p innovacion sabaq wo`tiw processi’nde

woqi’wshi’larg’a bilim beri’w ha’m ta’lim aliwg’a u`ndewshi jan`a metodlardi’, jan`a texnologiyalardi’ usi’niw ha`m de juwmaqlastiri’w.

**Jumi’stin’ ob`ekti.**

Uli’wma bilim beretug`in worta mekteplerde muzi’ka woqi’ti’w sabaqlari’ni’n` mazmuni’na wo`zgeshe ko`z-qarasta boli’p, balani’n` pa`nge, uli’wma ko`rkem-wo`nerge qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n payda yetip, woni’ wo`zbetinshe do`ryetiwshi shaxs yetip ta`rbiyalaw ha`m woni’n` aktiv tu`rde bilim iyelewi ushi’n, ha`zirgi zaman ko`ri’nisi’nde yag`i’ni’y jan`a pedagogikali’q texnologiyalar ja`rdeminde sabaq wo`tiw usi’llari’n qa`liplestiri’w processi’’.

**Jumi’sti’n’ predmeti.**

Muzi’kali’q ta`lim beri’w bari’si’ndag`i bilim beri’wge qaratilg`an woqi’w qollanbalar, ilimiy jumi’slar wolardi’n` juwmaqlari’, kitap, sabaqli’q, lekciyalar toplamlari’, internet betleri’ ha`m de ta`jiri’ybeler.

**Pitkeri’w qa`nigelik jumi’si’ni’n` izertlew na`tiyjeleri’.** Izertlew jumi’si’ni’n` negizgi dereklerde bul yelimizde ha`zirgi waqqi’tta ali’p bari’lip ati’rg`an bilimlendiri’w reformalari’ndag`i’ innovacion pedagogikali’q texnologiyalarg`a bolg`an ko`z qarasti’n` qa`liplesiwi, XX-XXI a`sirdegi milliy ilimpazlar, pedagog-kompozitorlardi’n` do`ryetiwshilik shi’g`armalari’na qa`nigeler ha`m muzi’ka si’nshi’yllari’ ta`repinen beri’lgen yen` a`hmiyetli mag`liwmatlar ha`m si’patlamalardi’n` kem izertlengenligi. Bular, A. Xasanov, F.Yuzlikaev, N.Azizxojaeva, F. Juraev, T. Adambaeva, X. Nurmatov, Sh. Janaydarov, G`. Amaniyazov, S. Palwanov, D. Omonullaeva, D. Allanazarov, P. Palwaniyazov, S. Romanovalar siyaqli’ ko`plegen jergilikli pedagoglardi’n` ilimiy materi’allari’ndag`i’ pikir ha`m do`ryetiwshilikleri’n u`yreniw boli’p yesaplanadi’.

**Jumi’sti’n` jan`alig`i’.**

Muzi’ka ta`limi, pedagogikali’q texnologiyali’q ta`lim ta`rbiya ha`qqi’nda bir neshe ko`plegen ilimiy izertlew jumi’slari’ bar. Biraq, bakalavr jo`nelisi’nde innovacion texnologiyalar tiykari’nda woqi’wshi’larg’a ta’lim beri’wde interaktiv metodlardan paydalani’w ma`selesi ha`li islenip u`lgirgeni joq. Sol sebepli usi’ maqset tiykari’nda woqi’wshi’lardi ta’rbiyalawda interaktiv metodlardan paydalani’w ushi’’n usi’ni’lg`an, izertlengen jan`a metodlardi’ ko`rsetip beri’w ha`m de usi ma`seleni alip shi’g`i’w.

**Jumi’sti’n` a`meliy metodikali’q a`hmiyeti.**

Ha`zirgi waqi’tta jergilikli uli’wma ta`lim beretug`in mekteplerge arnalg`an aytarli’qtay muzi’kali’q ta`rbiya metodikasi’ boyinsha woqi’w qollanbalar jetkiliksiz. Pitkeri’w jumi’si’ni’n` na`tiyjeleri’n worta mekteplerde ha`m kolledjlerde muzi’ka sabag`i’n woqi’ti’w bari’si’nda paydalani’w mu`mkin. Bul jumi’s ilimiy da`liyllengen pedagogikali’q pri’ncipler tiykari’nda ha`m de bul boyi’nsha ko`p ji’lli’q ta`jiri’ybege iye ustaz ha`m ilimpazlari’mizdin` ilimiy miynetleri’ negizinde islendi. Joqari’ woqi’w wori’nlari’nin` woqi’w bari’si’nda ha`m muzi’ka mug`allimleri’ne metodikali’q qollanba si’pati’nda xizmet yetedi.

**Pitkeri’w qa`niygelik jumi’si’ni’n` qurami to`mendegishe.**

Pitkeri’w jumisi kiri’siw, yeki bap, juwmaqlaw ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## I-Bap. Ta’limde pedagogikali’q texnologiya ha’m de mekteplerde muzi’ka ta’limi.

### 1.1. Ta`limde pedagogikali’q innovacion texnologiya mazmuni’.

Respublikamizda «Kadrlar tayarlawdi’n` milliy da`stu`ri’»nde ayti’p wo`tilgendey. Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya jumislari’n ma`mleket standart da`rejesi’ne ko`teri’w ushi’n pedagogikali’q processke aldi’ng`i’ xabar ha`m pedagogikali’q texnologiyalardi’ yen`giziw za`ru`r.

«Texnologiyali’q» jandasi’wdi’n` wo`zgesheligi rejelestiri’lgen standart na`tiyjelerge yeri’siw mu`mkinshiligin beri’wshi dizim si’pati’nda proektleniwi menen belgilenyedi. Ta`lim maqsetleri’n bahalaw wo`lshemleri’ ha`mde ta`lim sharayatlari’ni’n` qaytalanbas do`ryetiwshilik imkaniyatlari’nan kelip shi’g`i’p, ta`lim-ta`rbiya processi’ni’n` ta`rbiyali’q faktorlarg`a ha`m «texnologiyali’q» processi’n ken` yen`giziw mu`mkin. Ba`rshe ilimiy ha`m joqari’ woqi’w mekemeleri’ne kadrlardi’ tayarlaw milliy modeline say aldi’ng`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’n` ilimiy-teori’yali’q tiykarlari’n islep shig`i’w waziypasi’ ju`kletildi. Bul waziypani’ toli’q wori’nlaw maqsetinde, yen` aldi’ menen, alimlar mekteplerde ha`m institutlarda islep ati’rg`an woqi’ti’wshi’lar menen birgelikte bir neshe mashqalalardi’ sheshiw kerek.

Jan’a pedagogikali’q texnologiyani’n` ma`nisi’n ani’qlaw ha`m woni’n` ilimiy-teori’yali’q tiykarlari’n jarati’w, woni’n` pri’ncipleri’n islep shig`ari’w , pedtexnologiyani’ a`melde qollaw ushi’n na`tiyjeli jollari’n tan`law ha`m t.b.

Pedagogikali’q texnologiya ne? Nege bul so`z biri’kpesi’ne «jan`a» so`zi qosimsha qi’li’p, «jan`a pedagogikali’q texnologiya» dep ataymiz? Wol ne ushin bu`gingi ta`lim-ta`rbiya processi’nde za`ru`rlikke aylandi? Nege yendi sonsha jillardan beri’ jarap kelgen ta`lim processi’n yeskishe sho`lkemlestiri’wden waz keshiwimiz kerek ha`m woqi’w processi’nin` proektlewge jan`asha jandasi’w za`ru`r?

Bul siyaqli' sorawlarg`a juwap beri'w ushi'n, yen` aldi' menen, ma`mleketimizde «Ta`lim tuwri'si'nda»g`i ha`m «Kadrlar tayarlawdi'n` milliy da`stu`ri'» tiykari'nda ta`lim-ta`rbiya tarawi'nda ali'p bari'li'p atirg`an tu`p reformalardi'n` tiykarg`i bag`darlari'n an`lap ali'w tiyis. Bul bag`darlar:

-ta`lim-ta`rbiya maqseti, wazi'ypa mazmuni', dizimin reforma qi'li'w;

-ta`lim-ta`rbiya basqari'wi'n reforma qi'li'w;

-ta`limnin` bazar ekonomikasi'na tiykarlang`an mexanizmin jarati'w;

-ata-ana, woqi'ti'wshi-woqi'wshi'ni'n` ta`lim processi'ne bolg`an jan`asha qaraslari'n qa`liplestiri'w;

-bul tu`p reformalardi bas ha`reketlentiri'wshi ku`shi-jan`a pedagogikali'q texnologiyani a`meliyatqa yen`giziwden ibarat.

Juwmaqlap aytqanda, jan`a ta`lim dizimi, mazmuni', woqi'w reje, sabaqli'qlar tiykari'nda woqi'w processi'n proektlewge ha`m jan`asha jandasi'w, sho`lkemlestiri'w za`ru`rligi payda bolmaqta.

Prezidentimiz Islam Kari'mov ayri'qsha ayti'p wo`tkenindey, «.. biz ma`mle-ketimizdi'n` keleshegi jas a`wladimiz, qanday ta`rbiya tabi'wi'na, qanday ruwxi'y pa`ziyletler iyesi boli'p wo`siwine, perzentleri'mizdin` turmi'sta aktiv mu`na`sibette boliwina, qanday joqari' maqsetlerge xizmet qi'li'wg`a baylani'sli' yekenin ha`mme waqta yadta tutiwi kerek». Usi' sebepli ha`m biri'nshi na`wbette ta`lim mazmuni' ha`m wonin` quramin ken`eytiri'w ha`m teren`lestiri'w tiykari'nan, bul mazmung`a tek g`ana bilim, ko`nikpe ha`m yeplilik, ba`lki uliwmainsaniyli'q ma`deniyatti' qurawshi'-do`ryetiwshilik xi'zmet ta`jiri'ybesi, do`gerek-a`ti'rapqa mu`na`sibetleri'n kiri'tiw ideyasi' ku`n ta`rtibine tiykarg`i' ma`sele boli'p qoyi'ldi'.

Jan`a pedtexnologiyani'n` ilimiy-teori'yali'q tiykarlari'n jaratip bermekte desek qa`te bolmaydi', ha`zirde bul is dawam yetpekte.

«Texnologiya» so`zi 1872 jilda pa`nge kiri'p keldi ha`m grekshe texnos - wo`ner, sa`niyat (iskusstvo), logos-pa`n so`zleri'nen qurali'p, «wo`ner pa`ni» yamasa «wo`ner sa`niyati' (iskusstvosi')» haqqi'ndag`i' pa`n ma`nisi'n an`latadi'. Bilimlendiri'w texnologiyasi' tu`si'nigi bolsa, so`zlik jag`i'nan bilim beri'w (woqi'ti'w) procesi'n ulli' sheberlik, sa`niyat da`rejesi'nde sho`lkemlestiri'w bari'si'nda mag`liwmatlar beri'wshi pa`n ma`nisi'n anlatadi. Biraq, bul ta`ri'yp zamanago`y texnologiya processi'n toli'q xarakterlep bere almaydi', texnologiyali'q process- bul miynet qurallari' menen miynet shiyki zatlari'na ta`sir yetiw na`tiyjesi'nde wo`ni'm jaratiw bari'si'ndag`i' miynet processi' yesaplanadi'.

Rus ilimpazi' V.Bespalko «Pedagogika ha`m aldi'ng`i' texnologiyalar» shi'g`armasi'nda «Pedagogikali'q texnologiya - bul woqi'ti'wshi' sheberligine baylani'sli' bolmag`an halda pedagogikali'q tabi'sti' kepillikke alatug`i'n woqi'wshi' shaxsi'n qa`liplestiri'w processi'ni'n` proekti», - dep ta`ri'ypleydi. Pedagogikali'q texnologiyalar ja`mlengen pedagogikada u`lken ko`lemdegi teori'yali'q bilim ha`m a`meliy ta`jiri'ybe toplang`an, biraq XX-asirdin` 2-yari'mi'na shekem belgili pedagoglardi'n` birewi de izindegiler ushi'n wo`zleri' si'yaqli' sabaqti' joqari' da`rejede wo`tiwine mu`mkinshilik beretug`in pedagogikali'q bag`dardi' (cikl)di' islep shi'qpag`an. Sebebi ba`lkim wo`tmishtegi belgili pedagoglardi'n` usi'llari' pedagog shaxsi'n ko`birek yesapqa alg`an bolsa kerek.

AQSh da 1970-1980-ji'llarda ju`zege kelgen pedagogikali'q texnologiya ag`i'mi' derlik barli'q rawajlang`an ma`mleketlerge tarqaladi', YUNESKO si'yaqli' abroyli sho`lkem ta`repinen ta`n ali'ndi' ha`m qollap quwatlani'ldi' ha`m ha`zirgi ku`nde ko`p ma`mleketlerde na`tiyjeli wo`zlestiri'lmekte. Respublikami'zda ha`m pedagogikali'q texnologiya tu`si'nigine, woni'n` ma`nisi ha`m qurami'na, a`melde qollaw ma`seleri'ne u`lken itibar beri'lyedi. Aldi'ng`i' pedtexnologiyalarg`a arnalg`an boli'p bir neshe Respublika wortasi'nda ilimiy-a`meliy a`njumanlar wo`tkeri'ldi. (1999 j, aprel- Tashkent

Joqari’ ha`m Worta arnawli’ mektep mashqalalari’ instituti bazasi’nda; may-Andijan Pedagogika instituti bazasi’nda; 2000-j, may-Tashkent ma`mleketlik pedagogikali’q universiteti bazasi’nda). N.F.Talizina pedagogikali’q texnologiya haqqi’nda woni’n` pa`n ha`m a`meliyat arali’g`i’nda belgili qag`iydalardi’ alg`a qoyi’wshi’ metodlar islep shi’gari’wshi’, wolardi’ izbe-iz qollani’w siyaqli’ ma`selelerdi sheshiwge bag`darlang`an «wo`z betinshe pa`n» boli’wi’ kerekligin atap korsetedi.

O`zbekistan Respublikasi’ BMSh ma`mleketleri’ bilimlendiri’w dizimi a`meliyati’nda woqi’ti’li’p kiyati’rg`an «Pedagogika » pa`ninin` predmeti jeke adamdi’ qa`liplestiri’w, woni’n` ka`milligin ta`miynlewge bag`darlang`an bilimlendiri’wshi ha`m ta`rbiyali’q iskerligin sho`lkemlestiri’w procesi’ni’n` mazmuni’nan ibarat. Yag`niy jeke adamni’n` jetikligi za`rurli iskerlik bilimlendiri’wshi ha`m ta`rbiyali’q iskerlik procesi’nin` na`tiyjesi si’pati’nda payda boladi’. Usi’ menen bir qatar «pedagogikali’q texnologiya» haqqi’nda «metodika» tu`si’nikleri’nin` ta`ri’ypi, woni’ ashi’p beri’w maqsetke muwapi’q.

T.N.Ballo «pedagogikali’q texnologiya» tu`si’nigine si’patlama berer yeken, woni’ woqi’ti’w procesi’ne qarag`anda tapsi’rmali’ jandasi’w, L.V.Zankov, T Ya.Galperi’n, V.I.Davidovlar basqi’shli’ woqi’ti’w, G.K.Selevko ha`m de basqada avtorlar mazmunli’ uli’wmalasqan si’pati’nda bahalaydi’. P.Mitcheldin ko`z-qarasi’nsha pedagogikali’q texnologiya barli’q ta`repleri’ne qaray wo`zine ta`n ha`m na`tiyjelerdi qolg`a kirgiziw mu`mkinshiligin beri’wshi pedagogikali’q dizimdi sho`lkemlestiri’w menen baylani’sli’ halda bilimlendiri’w dizimi shen`beri’nde ali’p bari’lip ati’rg`an izertlew teori’yasi’ ha`m a`meliyati’ni’n` belgili tarmag`i’. S.K.Ismagulova bolsa to`mendegi ko`z qarasti’ alg`a suryedi: texnologiyali’q joybarg`a tiykarlang`an bilimlendiri’w procesi’n sho`lkemlestiri’w usi’li’ boli’p, wol aldi’n ala belgilengen qag`i’yda ha`m talaplarg`a juwap beredi.

Rawajlang`an ma`mleketlerdin` bilimlendiri’w diziminde jeke adamni’n` ja`miyetlesiwin ta`miynlewshi jetekshi usi’li’ si’pati’nda bilimlendiri’w procesi

qoyi’lsa, biz jeke adamni’n` qa`liplesiwinde ta`lim ha`m ta`rbiya processi’ birdey ahmiyetke iye yekenligine tu`si’nik beremiz. Ayi’ri’m jag`daylarda ta`rbiya processi’ bunda u`stin boli’wi’ mu`mkin, sebebi wo`zinde a`dep ikramli’ qa`siyetlerdi payda yete alatug`in shaxs g`ana ja`miyetlik qatnasiqlardi’ sho`lkemlestiri’w processi’nde wolardi’n` mazmuni’nin` unamli’ wo`zgeshelik yekenligin ta`miyleydi, a`dep ikramli’ insan g`ana bilimdi qa`dirley aladi’, sebebi a`dep ikramni’n` tiykarg`i’ kategori’yalari’nan biri’ bul bilimlilik yesaplanadi’, degen ideyani alg`a su`remiz. Solay yeken bul wori’nda «pedagogikali’q texnologiya» tu`si’niginin` qollani’li’wi’, sonday-aq tiykarg`i’ itibardi tek bilimlendiri’w procesi’n na`tiyjeli sho`lkemlestiri’wge g`ana qaratpay , soni’n` menen birge ta`lim ha`m ta`rbiya processi’nin` na`tiyjeliligin ta`miynlewge birdey qarati’w kerek. Bilimlendiri’w texnologiyasi’ tu`si’nigi «bilimlendiri’w metodikasi’» tu`si’nigine qarag`anda ken`.

Pedagogikali’q texnologiyani’n` teori’yali’q tiykarlari’ uli’wma pedagogikali’q, jeke metodikali’q ha`m lokal (modul) bilimlerge tiykarlanadi’. Sonli’qtan pedagogikali’q xizmetkerler, sonday-aq keleshektegi woqi’ti’wshi’lar wo`z iskerlikleri’nde pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’wdi wo`z aldi’lari’na maqset yetip qoyg`an bolsa, joqari’da aytilg`an bilimlerdi puxta wo`zlestire ali’wlari’ kerek. Sebebi pedagogikali’q texnologiya puxta wo`zlestiri’lgen pedagogikali’q bilimlerge tayang`an halda sho`lkemlestiri’lgen joqari’ na`tiyjeli pedagogikali’q iskerlik procesi boli’p tabi’ladi’.

**Bilimlendiri’w metodi’** - woqi’w processi’nin` wazi’ypalari’n sheshiwge bag`darlang`an woqi’ti’wshi ha`m woqi’wshi’lardin` birgeliktegi iskerligi bolsa, bilimlendiri’w metodikasi’ belgili woqi’w predmetin woqi’ti’wdi’n` ilimiy tiykarlang`an metod, qag`iyda ha`m usi’llar dizimin si’patlaydi’.

**Bilimlendiri’w texnologiyasi’** – bilimlendiri’w maqsetine yeri’siw processi’nin` uli’wma mazmuni’, yag`niy aldi’n ala joybarlasti’ri’lg`an bilimlendiri’w processi’n bir pu`tin dizim tiykari’nda, basqi’shpa – basqi’sh a`melge asiri’w, ani’q maqsetke yeri’siw joli’nda belgili metod, usi’l ha`m

qurallar dizimin islep shi’gi’w, wolardan na`tiyjeli, wo`nimli paydalani’w ha`m bilimlendiri’w processi’n joqari’ da`rejede basqari’wdi sa`wlelendiredi. Woqi’ti’wshi’ni’ na`tiyjeli iskerlik ko`rsetiwge iytermelewshi sabaqti’n` metodikali’q islenbesi’nen parqi’, bilimlendiri’w texnologiyasi’ woqi’wshi’lardi’n` iskerligine bag`darlang`an boli’p, wol woqi’wshi’lardi’n` jeke ha`m woqi’ti’wshi’ menen birgelikte iskerligin inabatqa alg`an halda, woqi’w materi’allari’n wo`z betinshe wo`zlestiri’wleri’ ushi’n za`ru`rli jag`daylardi’ jarati’wg`a xizmet yetedi. Pedagogikali’q texnologiani’n` worayli’q mashqalasi’-woqi’wshi’ shaxsi’n rawajlandi’ri’w arqali’ bilimlendiri’w maqsetine yeri’siwdi ta`miynlewden ibarat. Bunda bilimlendiri’w texnologiyasi’, woni’n` ahmiyeti haqqi’nda so`z ju`ri’temiz. «Bilimlendiri’w texnologiyasi’» haqqi’nda jarati’lg`an adebiyatlarda bul tusi’nikke beri’lgen sipatlamalarg`a tiykarlang`an halda biz bul tu`si’nikke to`mendegishe ta`ri’yp beremiz. Pedagogikali’q texnologiya belgili joybar tiykari’nda sho`lkemlestiri’lgen, ani’q maqsetke bag`darlang`an ha`m de bul maqsettin` na`tiyjeleri’n kepillewshi pedagogikali’q iskerlik procesi’nin` mazmuni’. Pedagog ali’m V.P.Bespal`ko pedagogikali’q dizim, pedagogikali’q texnologiyanin` tiykari’ yekenligin tu`si’ndirgen halda wonin` to`mendegilerden ibarat yekenligin aytadi’:



Pedagogikali’q texnologiyada to`mendegiler woni’n` tiykari’n belgilewge xizmet yetyedi. Joqari’dag`i’ pikirlerge muwapi’q bilimlendiri’w texnologiyasi’ni’n` sostavli’ du`zilmesi to`mendegishe boladi’;




Belgili bolg`aninday, ta`rbiya processi’ uzaq mu`ddetli, quramali’, u`ziliksiz boli’p, wol wo`zine ta`n wo`zgesheliklerge iye. Zamanago`y bilimlendiri’w texnologiyasi’ woqi’wshi’ni’n` bilimlendiri’w procesi’ndegi jetekshilik roli’n alsada, ta`rbiya processi’nde ta`rbiyalaniwshi tiykarg`i da`rejesi’n iyeley almaydi’. Sebebi wonda xarakter, du`n`ya ko`z-qaras jeterlishe qa`liplespegen bolip, wol bunda ta`rbiyashi’ni’n` ja`rdemine talapti’ sezinedi. Sonli’qtan ta`rbiya texnologiyasi’ ha`m logikali’q ha`m du`zilisi jag`i’nan bilimlendiri’w texnologiyasi’nan aji’rali’p turadi’.

**Ta`rbiya processi’.** Ta`rbiya procesi’ni’n` texnologiyali’q joybari’. Pedagogikali’q texnologiyani’ qollani’w bari’si’nda to`mendegi waziypalar a`melge asiri’ladi:

1. Pedagogikali’q processke qarag`anda texnologiyali’q jandasi’w tiykari’nda sheshiwshi wazi’ypalar.

2. Ta`lim (ta`rbiya) processi’ni’n` uli’wma bir pu`tin joybari’n islep shi’gi’w.

3. Bilimlendiri’w processi’nde (ta`rbiya) sheshiliwi kerek bolg`an ani’q maqset ha`m waziypalardi’ belgilew.

4. Bilimlendiri’w (ta`rbiya) processi’nin` ahmiyetin boljaw ha`m woni’n` mazmuni’n islep shi’gi’w.

5. Bilimlendiri’w (ta`rbiya) procesi’nin` na`tiyjeliligin ta`miynlewge ja`rdem beri’wshi yen` na`tiyjeli, maqul forma, usi’l ha`m texnikali’q qurallardi’ tan`law

6. Bilimlendiri’w procesi’nde woqi’ti’wshi’ni’n` yerkin, wo`z betinshe iskerlik korsetiwi ushi’n jag`daylar jarati’w, wolarda belgili ko`nlikpe ha`m a`detleri’nin` qa`liplesiwi ushi’n waqi’t, worni’n belgilew, wolardi’n` bilimler da`rejesi’n aldi’n ala prognoz yetiw.

7. Woqi’wshi’lardi’n` iskerligin bag`darlaw, qadag`alaw ha`m bahalawdi’ sho`lkemlestiri’w.

8. Islep shig`i’lg`an pedagogikali’q texnologiya joybari’n ja`ma`a`tte si’naw, maqsettinin` na`tiyjelengenlik da`rejesi’n analizlew.

Pedagogikali’q texnologiyani’n` teori’yali’q tiykarlari’ uli’wma pedagogikali’q, jeke metodikali’q ha`m lokal (modul) bilimlerge tiykarlanadi’. Sonli’qtan pedagogikali’q xizmetkerler, sonday-aq keleshektegi woqi’ti’wshi’lar wo`z iskerlikleri’nde pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’wdi wo`z aldi’lari’na maqset yetip qoyg`an bolsa, joqarda ayti’lg`an bilimlerdi puxta wo`zlestire ali’wlari’ kerek. Sebebi pedagogikali’q texnologiya puxta wo`zlestiri’lgen pedagogikali’q bilimlerge tayang`an halda sho`lkemlestiri’lgen joqari’ na`tiyjeli pedagogikali’q iskerlik procesi boli’p tabi’ladi’.

## 1.2. Muzi'kali'q bilim beri'w boyi'nsha pedagogikali'q texnologiyalar tiykari'  ma`selesi

Zamanago`y pedagog, woqi'wshi'g`a ta`sir yetiw, woni'n` iskerligin, isenimin, qi'zi'g`i'wi'n ha`m mumkinshiliklerin qa`liplestire biliwi kerek. Jaslardi' woqi'ti'w ha`m ta`rbiyalaw siyaqli'  qi'yi'n ma`seleleri'n tabi'sli' sheshiw, ko`p ta`repinen woqi'ti'wshi'ni'n` ideyali'q isenimi, professional sheberligi, bilimliligi, ma`deniyati'na baylani'sli'. Demek, zamanago`y mektepke joqari' mag`li'wmatli', aktiv, izleniwshen`, ustaz-pedagog kerek. Ta`lim-ta`rbiya isleri'nde paydali'  na`tiyjelerge  yeri'siw ushi'n pedagog wo`z waziypasi' haqqi'nda ani'q woylawg`a iye boli'wi' kerek.

1997-jil  qabi'l qi'li'ng`an «Ta`lim haqqi'ndag`i' ni'zam» ha`m «Kadrlar tayarlawdi'n` milliy da`stu`ri'»  joqari' ta`lim xizmetkerleri' aldi'na, woqi'ti'wdin` jan`a forma, mazmun ha`m usi'llari'n qollaw waziypalari'n qoydi'. Bul jaslardi'n` jetik qa`niyge  boli'p jeti'siwleri' za`ru`rligin tasti'yi'qlaydi'. Milliy kadrlar tayarlaw modelinin`  bas sub`ekti ha`m ob`ekti de shaxs yekenligi, O`zbekistanda bilimlendiri'w tarawi'ndag`i' reformalardag`i' demokratiyali'q pri'nciplerdin` tiykarg`i' wo`zegi yekenin bildiryedi. Soni'n` ushi'n ja`miyetimiz, ma`mleketimiz turmi'si'mi'zdi'n` wo`zi zamanago`y qa`nigenin`  shaxsi'na, woni'n` ka`sibindegi tayarlig`i'na joqari' talablar qoymaqta. Ha`mmege ma`lim, baslawi'sh klass woqi'ti'wshisi mektep woqi'wshi'si'na yen` za`ru`r bolg`an bilimler tiykarlari'n qa`liplestiryedi, wolardi' woqi'wg`a, jaziwg`a ha`m sanawg`a u`yretyedi. Bunnan ti'sqari' bir na`rseni yesapqa ali'wi'mi'z kerek- zamanago`y pedagogikali'q minezlemisi'nde woqi'ti'wshi'ni'n` «texnologiyalaniwshanlig`i» wo`zine ta`n jan`a  talap si'pati'nda wo`z worni'n tapqan. Wol ta`lim-ta`rbiya processi'ni'n` na`tiyjeligin, muwapi'qli'g`i'n, ilmiyligin jan`a si'pat da`rejesi'ne ko`teri'lgenligi belgilep beredi.

YUNESKO ta`ri’ypi boyi’nsha, «pedagogikali’q texnologiya» - bul pu`tkil woqi’ti’w ha`m bilimlendiri’wdi wo`zlestiri’w bari’si’nda wo`z aldi’na woqi’ti’w formalari’ni’n` na`tiyjeliligin asiri’w waziypalari’n qoyi’wshi’ texnikali’q ha`m shaxs resurslari’ ha`m wolardi’n` wo`z ara baylani’si’n yesapqa ali’p, bilimlerdi jarati’w, qollani’w ha`m belgilewdin` dizimli usi’li’».

N.Sayidaxmedovtin` ta`ri’ypi to`mendegishe: «pedagogikali’q texnologiya»-bul shaxsti’ woqi’ti’w, ta`rbiyalaw ha`m rawajlandiri’w ni’zamlari’n wo`zinde yen`gi’zi’w ha`m juwmaqlawshi’ na`tiyjeni ta`minleytug`in pedagogikali’q xizmet». Bunday ta`ri’pke tiykarlani’p, biz usi’ tu`si’nik haqqi’nda to`mendegi pikirge iyemiz: pedagogikali’q texnologiya - bul ta`lim ta`rbiya processi’nin` social maqsetke bag`darlang`an usi’l ha`m qural, forma ha`m uyi’mlari’ni’n` ji’yi’ndi’si’na tiykarlang`an proekt. Mi’sali’: sa`wbet wo`tkeri’w texnologiyasi’, balag`a pedagogikali’q ta`sir ko`rsetiw texnologiyasi’, u`y waziypasi’n tekseri’w texnologiyasi ha`m basqalar.

Pedagogika - bul ta`lim ha`m ta`rbiyadag`i’ usi’llardi’n` elementleri’ wolardi’ a`melde qollaw wo`zgeshelikleri’. Misali: til texnikasi’ (ses, dem aliw, ri’tmika ha`m t. b.), qari’m-qatnas (qol ha`reketi, pantomimika, bet ha`reketi ha`m t. b.).

Pedtexnika - pedagogikali’q texnologiyani’n` quramali bo`legi. Mi’sali’: sa`wbetti tayarlaw ha`m wo`tkeri’w, sa`wbet processi’nde sorawlardi beri’w, juwaplardi’ qabi’l qi’li’w ha`m bahalaw mi’sallari’ texnologiyag`a baylani’sli’, dikciyadan ha`m til ma`deniyati’nan tuwri’ paydalani’w - bul ma`seler pedtexnikag`a baylani’sli’.

Pedagogikali’q texnologiyanin` ka`siplik a`hmiyeti ju`da` u`lken, usi’ pa`nni’n` sabaqlari’nda bolajaq woqi’ti’wshi’lar da`stu`ri’y ha`m da`stu`ri’y yemes metodika ha`m qurallardan jan`a sharayatlarda paydalani’w, baslawi’sh mektep ta`jiri’ybesi’nen na`tiyjeli metodikalardi’ tan`law, woqi’wshi’lardi’n`

woyi’n, woqi’w, miynet ha`m social xizmetin basqari’w, balalar menen tuwri’ qari’m-qatnas mexanizmin u`yrenyedi.

Ko`pshilik ma`mleketler woqi’ti’wda texnologiyali’q usi’llardan paydalani’p, woqi’wshi’lardi’n` wo`zlestiri’win asi’ri’wda sezilerli na`tiyjege yeri’sti. M/s: Qubla Koreyada pedagogikali’q texnologiya boyi’nsha si’naw ta`jiri’ybe tu`ri’nde woqi’p ati’rg`an 50,000 balani’n` 75%ti da`stu`ri’y woqi’ti’wda tek yen` jaqsi’ yeri’setug`in na`tiyjelerdi qolg`a kirgizgen. Pedagogikali’q texnologiyani’ wo`zlestiri’w Singapur, Koreya, Yaponiyada pitkeri’wshi klass woqi’wshi’lari’ wortasi’nda matematika boyi’nsha ku`ta joqari’ wori’ndi iyelew mu`mkinshiligin berdi. Pedagogikali’q texnologiyani’ wo`zlestiri’p ati’rgan sheber pedagoglar ushi’n bul usi’ldi’n` da`stu`ri’y usi’lg`a qarag`anda na`tiyjelirek yekenligi belgili boldi’. Bul wo`z gezeginde mektep pedagoglari’, ka`sip – wo`ner ha`m joqarg`i mekteptin` professor – woqi’ti’wshilari’ ushi’n kadrlar tayarlaw sapasi’n asi’ri’wda pedagogikali’q texnologiyani’ wo`zlestiri’w ha`m a`melde qollani’w za`ru`rliligin bildiryedi. «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri’nde» jan`a pedagogikali’q ha`m mag`liwmat texnologiyalari’nan paydalani’p talabalardi’ woqi’ti’wdi jedellestiri’w na`zerde tuti’lg`an. Belgili bolg`ani’nday pedagogikada bilim ali’w procesi’nde woqi’wshi’lardi’n` aktivliligin asi’ri’wg`a qarati’lg`an bir neshe woqi’ti’w usi’llari’ islep shi’g`i’lg`an: mashqalali’ woqi’ti’w, jumi’s iskerligin sa`wlelendiri’wshi woyi’nlar, rollerdi wori’nlaw, temali’ woqi’ti’w ha`m t.b. Bizin` pikiri’mizshe buni’n` sebebi ha`r bir sabaqqa tayarli’q ha`m pedagogikali’q izleniw na`zerde tutiladi, joqari’ ka`siplik sheberlikti, do`ryetiwshi qatnas ha’m ko`p waqi’tti’ sarplawdi talap yetiwde bolsa kerek, a`dette ha`r bir bunday sabaq scenari’ysi wo`zine ta`n wo`zgesheliklerge iye ha`m ta`kirarlanbas boli’p tabi’ladi’.

Bugingi ku’nnin’ talabi’ ha`r bir woqi’wshi’ ha`m talabasi’ du`n`ya standartlari’na ta`n tu`rde tayarlani’wi’ kerek. Jaslardi’n` puxta bilim ali’wi’ ha`m de zamanago`y tarawlardan pa`n tiykarlari’n teren` iyelewleri’ ushi’n,

biri’nshi gezekte bilim beri’w na`tiyjeliligine baylani’sli’. U`ziliksiz bilimlendiri’w procesi’nde demokratiyali’q qag`iydalardi’n` ju`rgiziliwi woqi’wshi’lardi’n` aqi’l qabi’l yetiwine isenim, wolardi’n` wo`z betinshe pikirlewine mu`mkinshilik jarati’w, klass ha`m klasstan ti’sqari’ iskerliginde do`ryetiwshiligi ha`m baslamalari’n qollap quwatlaw ta`ri’zinde payda boladi’. Joqardag`i’ qa`siyetlerdin` woqi’wshi’ni’n` jekkeliginde (individ) payda boli’wi’ ushi’n, bilimlendiri’w dizimine adamgershilik ha`m demokratiya ideyalari’na tiykarlang`an jan`a pedagogikali’q texnologiyalar yengizilmekte. Bul haqqi’nda Oliy ma`jilistin` X1V-sessiyasi’nda O`zbekistan Respublikasi’ni’n` Prezidenti I. A. Karimov «Jan`a woqi’wli’qlardi zamanago`y pedagogikali’q ha`m xabar (axborot) texnologiyalari’n wo`z waqti’nda islep shi’g`i’w ha`m yengiziwdi ta`miynlew wo`z aldi’na qadag`alaw asti’na ali’w za`ru`r» ligin ayti’p wo`tken yedi. Ta`rbiya ha`m woqi’w processi’ni’n` ma`nisi qa’dimgi zamannan tap bu`gingi ku`nge shekem wo`zgermyedi.

Ta`rbiyanin` ma`nisi - wo`sip atirg`an jas a`wladti usi’ wortali’q, ja`miyet talaplari’ tiykari’nda turmi’sqa tayarlawdan ibarat boli’p, ja`miyette wo`zinin` za`ru`r worni’n tutadi’.

XX a`sirdin` baslari’nda Abdulla Avloniy «Ta`rbiya bizler ushi’n ya wo`mir - ya wo`lim, ya quti’li’w - ya apat, ya saadat-ya baxi’tsi’zli’q ma`selesidur» degen teren` manili bul so`zleri’, wo`tken a`sir basi’nda milletimiz ushi’n qanshama a`hmiyetli ha`m aktual bolg`an bolsa, ha`zirgi waqi’tta da biz ushi’n sonday, ba`lkim wonnanda ko`re a`hmiyetli ha`m aktual a`hmiyetke iye[11] (1). Tiykari’nan, baslawi’sh mekteptegi woqi’ti’w processi’nde ta`lim, ta`rbiya ha`m mag`liwmat wo`zara bekkem baylani’sli’ ra`wishte a`melge asi’ri’ladi’. Ha`mmemizge ma`lim, ja`miyetimiz ba`rqulla rawajlanadi’. Buni’n` ushi’n jan`asha bilim beri’w, wo`zgeri’p bari’wshi miynet ha`m turmi’s sharayatlari’na muwapi’q, kri’tikali’q do`retiwshilik, xizmet penen

[1] Kari’mov «Joqari’ ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» T.. «Manaviyat» baspasi’, 2008-j, 62-betm.

shug`i'llana ali'w ko`nikpeleri' payda bolg`an boliwi'  lazi'm. Demek, ta`rbiya jas a`wladti' turmi'sqa, miynetke tayarlawda, wol bar ja`miyet imkaniyatlari'n qa`liplestiri'w, ja`nede  rawajlaniw maqsetinde, kekse a`wlad ta`repinen artti'ri'lg`an tari'yxiy ta`jiri'beni tolti'ri'lg`an, ja`nede ideyalastiri'lg`an halda jas a`wladg`a si'n`diri'lyedi. Ta`lim-ta`rbiya ma`nisi'n  saqlap ati'rg`an  halda usi' menen birgelikte woqi'ti'wshi' wo`z xi'zmetinde usi'llar, qurallar ha`m formalardi'n` wo`zgergen sharayatlarda jan`alawg`a ma`jbu`r, jan`a da`wir wog`an barqulla jan`a talap qoyadi'.

**Pedagogikali'q processke dizimli jandasiw.** Professor N.V.Kuzmina jazg`ani'nday, «Pedagogikali'q dizim-bul wo`zara baylani'sli' ha`m woqi'wshi'lardi' ta`lim-ta`rbiya maqsetine bag`darlang`an komponentleri'nin` ji'yindi'si'». Bul dizimdi ja`nede rawajlandiri'w ushi'n bir woni'n` qurami'n ha`m quramali bo`lekleri'n teren` u`yrenemiz ha`mde bul dizimde pedtexnologiyani'n` worni'n aniqlawi'mi'z za`ru`r. Bul ko`z-qarastan pedagogikali'q processti to`mendegi  quramali' bo`leklerge boli'w mu`mkin.




Bul process pu`tin process boli'p, woqi'ti'wshi-ta`rbiyashi'ni'n` woqi'wshi'g`a-ta`rbiyalani'wshi'g`a pedagogikali'q ta`sirleri'n wo`z ishine qamtip aladi'. Bunnan ti'sqari' pedagogikali'q process dizim si'pati'nda basqasha ha`m boli'wi' mu`mkin:

**Pedagogikali'q protsesstin' quramali'  bo'lekleri**

I- teori'yali'q, metodologiyali'q blok

1. Ta'lim-ta'rbiyani'n' uli'wma maqseti.

3. Ta'lim-ta'rbiyani'n' wazi'ypalari'.

II-a`meliy, texnologiyali'q blok

1.Ta'lim-ta'rbiyani'n' usi'llari'.

2.Ta'lim-ta'rbiyani'n' qurallari'.

3.Ta'lim-ta'rbiya islerin sho'lkemlestiriw formalari'.

4.Woqi'ti'wshi'-ta'rbiyalani'wshi'lar uyi'mlari'.

Biri’nshi-teori’yali’q, metodologiyali’q blok-zamanago`y ta`lim-ta`rbiya processi’ne ja`miyetimiz ta`repinen qoyilatug`in talaplardi’? social buyri’tpa si’pati’nda jari’tiladi, waziypalari’ aniqlanadi, xizmetin sho`lkemlestiri’w pri’ncipleri’n (qag`iydalari’n) ko`rsetedi ha`mde ta`lim-ta`rbiya na`tiyjeleri’ne ta`sir yetiwshi faktorlardi ha`m za`ru`rli sha`rt ha`m sharayatlari’ xarakterlenedi.

Yekinshi-a`meliy, texnologiyali’q blok ta`lim-ta`rbiyanin` maqset waziypalari’n tabi’sli’ a`melge qollaw ushi’n, za`ru`r bolatug`in shaxs pa`ziyletleri’n ha`m bilim-ko`nikpeleri’n qa`liplestiri’wshi usi’l ha`m qural, woqi’w-ta`rbiya jumi’slari’n sho`lkemlestiri’w forma ha`m uyi’mlari’n wo`z ishine qamti’p aladi’. Bul bloktag`i elementlerdin` ji’yi’ndi’si’n biz «pedagogikali’q texnologiya» dep atawi’mi’z mu`mkin. A`piwayi qi’li’p, biri’nshi blokta-social buyi’rtpa, yekinshiden-woni a`melde asiri’w jollari’ ko`rsetilgen.

Bul yeki bloklar wo`zara baylani’sli’g`i’n buziw mu`mkin yemes, pedagogikali’q dizim buzi’li’p qalsa, woni’n` na`tiyjesi paydasi’ bolmaydi’.

**Ta`lim-ta`rbiya processi’ne** psixologiyali’q qarastan u`sh tu`rden ibarat boli’p wolar: woyi’n, woqi’w ha`m miynet. Pedagogikali’q process usi'' qarastan to`mendegishe boladi’ :






Demek, woqi’ti’wdi’n’ biz tan’lap alg’an biri’nshi bolimi pedagog wo`z xizmeti ha`m woqi’ti’wshilardi woqi’ti’wda interaktiv texnologiyalar menen woqi’ti’w xizmetin tek g`ana so`ylesiw arqali sho`lkemlestiri’w yemes balki woqi’ti’w iskerliginin’ subekti si’pati’nda woqi’ti’wshi ha’m woqi’wshi’ arasi’ndag’i wo’z-ara qatnasi’q ha’m wo’z-ara birgeliktegi ha’reketler processi’nde bilim ali’w, ko’nlikpe ha’m uqi’pti qa’liplestiri’wdin’ usi’li’ si’pati’nda qaraladi’.

Pedagogikali’q processke turli qi’yli’ qarastan qarap, to`mendegishe juwmaq shig`ari’wi’mi’z mu`mkin: pedagogikali’q processke kompleksli jandasi’w texnologiya ja`rdeminde ta`lim-ta`rbiya maqseti, yag`niy wazi’ypalardi’ belgilep ali’wdan baslani’p, bul processtin` bir pu`tin tutasli’qta bag`dari’n na`zerde tutadi’.

Sabaq wotiwde innovaciyali’q texnologiyalar ha`m de turde bir qansha interaktiv bo`lg`an zamanagoy usi’llardi’ qollag`angda woqi’ti’wshi’lar woqi’wshi’lar menen birge qatnasta boli’p wolarg`a kerekli bilim ha`m ko`nlikpeler kompleksi’n an`sat, tez, jan`a ha`m na`tijeli yetip jetkeryedi. Bir neshe a`meliy isler ali’p bari’ladi, jan`a mag`lumatlarg`a iye boladi’.

- Interaktiv woqi’ti’w - psixologiya teori’yasi’nda, adamlar arasi’ndag’i wo’z-ara qatnasi’qlar psixologiyasi’na tiykarlangan woqi’ti’w dep ataladi’.

- Interaktiv woqi’ti’w texnologiyalari’ - woqi’ti’w iskerliginin’ subekti si’pati’nda woqi’ti’wshi ha’m woqi’wshi’ arasi’ndag’i wo’z-ara qatnasi’q ha’m wo’z-ara birgeliktegi ha’reketler processi’nde bilim ali’w, ko’nlikpe ha’m uqi’pti’ qa’liplestiri’wdin’ usi’li’ si’pati’nda qaraladi’.
- Interaktiv usi’l (metod). Interaktiv («Inter»-bul wo’z-ara birgelikte, «act»- ha’reketleniw) – Wo’z-ara birgelikte ha’reketleniw degendi bildiryedi yag’niy, bul ha’reketler so’ylesiw, gu’rri’n’lesiw, dialog rejiminde boli’wi’ mu’mkin.
- Basqasha qi’li’p aytqanda, aktiv metodqa qaraganda, interaktiv usi’l qep ken’ maniste tek g’ana woqi’ti’wshi’ menen woqi’wshi’ arasi’ndag’i’ wo’z-ara baylani’s boli’p qalmastan, al qatnasi’wshi’lardi’n’ dost penen ha’m doslardin’ woqi’w processi’ndegi aktivligin asi’radi’.

Woqi’ti’wshi’ – pedagogti’n` arnawli’ pa`nler tiykarlari’n woqi’ti’wg`a bag`darlang`an a`meliy wortani da`stu`ri’y yemes formada sho`lkemlestiri’w, ta`lim beri’wdi jetik ra`wishte rejelestiri’wge yeri’siw, kerekli rejelerden aqi’lana paydalani’p biliw ko`nlikpeleri’ne iye boli’wi’ ta`lim ali’wshi’lar ta`repinen teori’yali’q bilimleri’n puxta, shuqi’r wo`zlestiri’w, wolarda a`meliy ko`nlikpe ha`m jeti’skeliklerdin` payda boli’wi’na kepillik beredi.

G`a`rezsizligimizdin` da`slepki ku`nleri’nen baslap ta`lim-ta`rbiya isi’ne itibar ku`sheyip, Prezidentimizdin` «Keleshek bu`ginden baslanadi, xa`zir ta`rbiya ma`selesi’ne itibar qi’li’nbasa, keleshek joq boladi’. Ta`rbiyadan xesh na`rseni ayamaymiz!» degen su`renleri’ asti’nda ta`limdi reformalasti’ri’wg`a kiri’sip, da`slep «Bilimlendiri’w haqqi’ndag`i’ nizam», son`i’nan ala «Kadrlar tayarlawdin` milliy dasturi’» islep shi’gi’ldi. Ka`mil insan ta`rbiyasi’ ma`mleket siyasati’ni’n` basli’ maqseti dep dag`azalandi’. Prezidentimiz I.A.Kari’mov «Kadrlar tayarlaw» ma`selesi tuwrali’ to`rtinshi bas bag`darlamasi’nda ayti’p wo`tkenindey «Biz aldimizg`a qanday ma`sele qoymayi’q, qanday mashqalalardi’ sheshiw za`ru`rligi tuwi’lmasi’n, ga`p yen` aqi’ri’nda ba`ri’ bir

kadrlarg`a ha`m ja`ne kadrlarg`a bari’p tireledi. Bizin` keleshegimiz, ma`mleketimizdin` keleshegi, worni’mi’zg`a kim keliwine yamasa basqasha aytqanda, qanday kadrlar tayarlawi’mi’zg`a baylani’sli’ desek asi’ra aytqan bolmaymi’z».

Shaxsti’n` gormoniyali’q rawajlani’wi’nda muzi’ka, ha`r jaqlama ta`sir yetiwshi usi’llari’n payda yetedi. Soni’n` menen birge, wo`sip kiyatirg`an jas a`wladtti’n` ruwxiy estetikali’q rawajlani’wi’ni’n` jan`a forma ha`m metodlari’nin` mexanizmleri’n izertlew za`ru`rligin talap yetedi. Pedagoglar woqi’ti’p ati’rg`an woqi’wshi’lari’n` bilim iyelewine biyparwalig`in, qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ni’n` to`men da`rejede yekenligin tasti’yi’qlay wotiri’p, jan`a effektivlik woqi’ti’w formasi’n, usi’li’n, modelin do`retiwge umti’ladi’. Bul ani’qlamadan kelip shi’g`i’p muzi’ka sabag`i’nda aldi’n`g`i pedagogikali’q texnologiyalar sonday–aq, ha`r qiyli’ interaktiv metodlar ja`rdeminde woqi’wshi’larg`a bilim beri’wdi jetilistiri’wdin` kompleksli algori’tmin islep shig`i’w ma`selesi ha`zirgi da`wir aktuallig`ina iye bolmaqta. Bul maqsettin` to`mendegi wazi’ypalar arqali’ ani’qlanadi’.

- Ha`zirgi da`wirge shekem muzi’ka ta`liminin` woqi’ti’w formalari’n, usi’llari’n, pri’ncipleri’n tallaw:
- Uli’wma bilimlendiri’w tarawindag`i’ pedagogikali’q texnologiyalari’ni’n` du`zilisleri’n, mazmuni’n jas wo`spiri’mnin` rawajalani’wi’na ta`sir yetiwshi faktorlari’n izertlep shi’g`i’w:
- Pedagogikali’q texnologiyalari’n muzi’ka pa`ninin` specifikasi’na sa`ykes woqi’ti’w jollari’n ani’qlaw:
- Metodlardi’n` wo`zgeshelikleri’n, optimal usillari’ni’n` yengiziw jollari’n ani’qlaw:
- Worta ta`lim mektepleri’nde aldin`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalari’ni’n` woqi’wshi’lardi’n` jas da`wirleri’ne aji’rati’p yag`niy baslawi’sh klass ha`m worta klasslarda woqi’ti’w mazmuni’n ani’qlaw:

- Balalarda go`zzalli’q tuyg`ilari’n rawajlandiri’w estetikali’q ta`rbiyalaw:

O`zbekistanni’n` "Ta`lim haqqi’nda"g`i’ ni’zami’na muwapi’q" muzi’ka ma`deniyati" woqi’w pa`ni woqi’wshi’lardi’n` ruwxiy ha`m ma`deniy ag`artiwshi’lig`i’n qa`liplestiri’p, milliy wo`zligin ha`m patri’otli’q sezimleri’n woyati’p, talanti’n ruwxiy ha`m korkem-wo`neri’n rawajlandiri’wg`a, woy-wo`ri’si’n ken`eytiwg, yerkin pikirlew ha`m juwapkershilikke taa`rbiyalawg`a xizmet yetedi. Barli’q woqi’w pa`nleri’ qatari’ muzi’kali’q ta`limde ma`mleketlik ta`lim standarti’ni’n` ma`lim yetilgen milliy muzi’ka miyraslari’nan toli’q paydalani’wina imkaniyat jaratildi. Bular: xali’q saz ha`m qosi’qlari’nda, qosi’qshi’ ha`m sa`zendelerdin` do`retiwshiliginde, baqsi’, jiraw, da`stanlar ha`mde bu`gingi zamanago`y muzi’kali’q do`ryetiwshilikte wo`z worni’n tapti’.

Aldi’ng`i’ pedagogikali’q ta`jiri’ybe soni’ ko`rsetedi, to`mendegi faktorlar ta`lim processi’nde jan`a pedagogikali’q texnologiyalardi qollawg`a tiykar jarata aladi’:

1- woqi’w materi’allari’n ta`lim processi’ne kirgizilgen ha`r bir jan`ali’q mazmuni’na say ta`ri’zde ta`jiri’ybe beri’liwin ta`miyinlew;

2- ta`lim processi’n ta`lim tarawlari’ maqsetine boysi’ndiri’w ha`m ta`limde maqsetler ten`ligin ta`miyinlew;

3- taraw boyi’nsha woqi’wshi’larda payda bolatug`in ko`nikpe ha`m yepliliklerdin` ani’q da`rejeleri’n ha`mde na`tiyjeni bahalaw isleri’n tiykarg`i’ parametrler boyi’nsha islep shi’g`i’w.

Usi’ qatarda woqi’w-ta`rbiyali’q processi’n aldi’ng`i’ pedagogikali’q texnologiyalar menen ta`miyinlew waziypasi’ tikkeley woqi’ti’wshi’dan do`ryetiwshilik xizmetin talap yetyedi. Bul xizmetti bahalaw ushi’n professor N. Saidaxmedovti’n` qatar ko`rsetkishleri’n ayti’p wo`tiwdi maqul dep tapti’m.

1) pedagogikali’q na`tiyjelik - woqi’ti’wshi’ woqi’tg`an klassi’nda woqi’w predmetler boyi’nsha wo`zlestiri’wdin` wortasha qiymati;

2) woqi’ti’wdin` ilimiylik da`rejesi;

3) ta`lim mazmuni’n metodikali’q ta`miyinlew;

4) ta`limde wol yamasa bul na`tiyjeni qolg`a kiri’tiw jollari’nan na`tiyjeli paydalani’w;

5) woqi’ti’wshi’ xizmetinin` texnologiyalaniwshanlig`i yag`niy iykemlesiw-shenligi.

N. Saidaxmedov inovacion pedagogikali’q texnologiyanin` si’pat ko`rsetkishleri’ qatari’na to`mendegilerdi kiri’tdi: ilimiylik, zamanago`ylik, woqi’ti’wshi ha`m woqi’wshi’ni’n` da`stu`rli xizmeti, xabar texnologiyasi’ ha`m texnikali’q qurallardan paydalang`anli’q da`rejesi, jeterlishe materi’alli’q-texnikali’q baza. Woqi’ti’wshi’lardi’n` milliy ta`rbiya bari’si’ndig`i’ xizmet modeli, ko`rsetkishleri’n tiykarlaw za`ru`rligi tuwi’ladi’. Bular klass ja`ma`a`tinde O`zbekistan Watanparwarlig`i milliy maqtani’sh, milletler arali’q so`ylesiw ma`deniyati, hu`jdanli’q ha`m milliy ideologiyali’q sanali’li’qti’n` qa`lipleskenlik da`rejesi sa`wlelenyedi. Usi’ ko`rsetkishtin` to`rt da`rejeden ibarat wo`lshemleri’ belgilenyedi. Wo’lshemlerdin` joqari’, jaqsi’, qanaatlandi’rarli’, pa`s da`rejeleri’ ani’qlang`an. Pedagogikali’q xizmet na`tiyjeligine ta`sir qi’li’wshi faktorlar:

a) klass basshi’si’ni’n` (woqi’ti’wshisi’nin`) milliy ta`rbiyali’q isleri’n ali’p bari’wg`a teori’yali’q, metodikali’q, texnologiyali’q bag`darlang`anli’q;

b) ka`siplik ha`m shaxsiy za`ru`r si’patlari’ni’n` qa`lipleskenligi ha`m do`ryetiwshilik uqi’pli’li’g`i’.

Sonday juwmaq shig`ari’w kerek, bu`gingi ku`n talaplari’ni’n` biri’ woqi’ti’wshi’lardi’ tek g`ana zamanago`y bilimlerge iye boli’wi’n yemes, ba`lki milliy ta`rbiyalang`anli’q da`rejesi’n ha`m na`zerde tutiwi za`ru`r. Sonda g`ana

woqi’ti’wshi’lar, woqi’wshi’lardi ha`r ta`repleme, jetik insanlar yetip ta`rbiyalawdi, ka`millikke jetkizyedi.

Ma`mleketlik ta`lim standartlari’ uli’wma xali’qli’q muzi’ka pedagogikasi’, professional muzi’ka doretiwshileri’ muzi’kantani’shi’ari’ qosi’shi’ sa`zendeler, u`lken qosi’shi’ar, jirawlar, baqsi’ar do`retpeleri’nin` tiykarlari’n u`yryetiwge bag`darlang`an. Bul standartta uli’ma ta`lim do`gereginde woqi’wshi’lar woqi’wi lazi’ bolg`an minimal bilim ha`m qa`niygeler bayan yetilgen ha`m sol tiykari’nda Respublika walayatlari’nda, Qaraqalpaqstan Respublikasi xali’q ta`lim wa`zirligi ha`m Tashkent qalasi’xali’q ta`liminin` bas basqarmasi’muzi’ka ma`deniyati pa`ninin` ta`lim mazmuni’n islep shi’`ardi’

Muzi’ka ma`deniyati ta`lim mazmuni’nin` ma`jbu`ri’y minimumi’

1). Baslang`i’sh muzi’ka sawati’

2). Muzi’kali’ shi’g`armani’n` do`retiwshiligi.

3). Muzi’ka atqari’wshi’li’g`i’.

4). Qosi’q, xor, ansambl, orkestr ha`m simfonik orkestrler atqari’wshi’li’g`i’

4). Sahna shi’g`armalari’ .

5). Diri’jyorlar ha`m kompazitorlar do`retiwshiligi. O`zbek ha`m qaraqalpaq xali’q saz a`sbaplari’nda shertip biliw, ataqli’ xali’q sazendeler ha`m qosi’qshi’lardi’n` do`retiwshiligin u`yreniw.

Ha`r qiyli janrdag`i muzi’kani atqari’w, xali’q ha`m zamanago`y qosi’qlardi’, atqari’wshi’lardi’n` usi’llari’n u`yreniw kerek. Ha`r bir woqi’wshi’ wo`zinin` ma`deniyatin, yeski qosi’qlar ha`m zamanago`y qosi’qlardi’ baylani’sti’ri’p, o`zbek ha`m qaraqalpaq kompozitorlari’ni’n` do`retiwshiligin u`yreniw kerek. Bulardi’n` barlig`i’ muzi’ka ma`deniyati sabag`i’nda to`mendegi dizimde teori’yali’q ha`mde a`meliy sabaq waqti’nda wo`tilyedi:

1. Muzi’ka ti’n`law.

2. Xor menen qosi’q ayti’w.

3 Muzi’ka sawati’.

4. Muzi’ka do`retiwshiligi.

4. Taza qosi’q u`yreniw.

Ha`r qanday ja`miettin` keleshegi ta`g`diri’ ja`miet ag`zasi bolg`an insanni’n` qoli’nda bolar yeken, insan ta`rbiyasi’, woni’n` ka`malg`a keliwi, ja`mietimizdin` rawajlani’wi’ ta`limnin` basli’ wazi’ypasi’ boli’p qaladi’. Ko`rkem – wo`nerdin` yen` ta`sirli formalari’nin` biri’ - bul muzi’ka boli’p tabi’ladi’. Muzi’ka adamni’n` quwani’shi’nda, qayg`i’si’na da sheri’k boli’p kelgen. Muzi’ka balani’n` tek ma`deniy – estetikali’q rawajlani’wi’na ta`sir jasap qalmastan, woni’n` den - sawli’g`i’na da paydali’ boli’p tabi’ladi’. Sebebi qosi’q aytqanda wo`kpeler ken`eyip, duri’s dem ali’wg`a sebep boladi’. Ti’ni’sh muzi’ka yesitkende sharshag`an nerv wo`z halati’na qaytadi’ ha`m insang`a ruwxiy ku`sh ina`m yetedi. Muzi’ka, su`wretlew wo`neri’, poeziya, ayaq woyi’n – bulardi’n` barli’g`i’ go`zzalli’q du`n`yasi’na jetelewshi, wolardi’ ta`sirshen`lik, ruwxiy bayli’qti’ ta`rbiyalawshi’ tiykarg`i’ formalar boli’p yesaplanadi’.

Ta`rbiya-ha`zirgi da`wir talaplari’n ha`m za`ru`ri’yatlari’n na`zerde tutqan halda woqi’ti’wshi’ni’n` woqi’wshi’ menen ani’q bir maqsetke qarati’lg`an ani’q bir wo`z - ara a`meliy ha`m teori’yali’q qatnasig`idur. Qanday da bir maqsetke bag`darlang`an ta`rbiya processi’ni’n` waziypalari’ ta`rbiyashi’ ta`repinen rejelestiri’lip, qolayli’ metodtan paydalani’p ta`rtipke sali’nadi’.

Woqi’w rejesi’n du`ziwde to`mendegi talaplarg`a tiykarlani’w kerek: 1. Woqi’w ta`rbiya isinin` maqseti.

2. Woqi’wshi’larg`a ani’q ilimiy bilim beri’w.

3. Alg`an bilimleri’n a`melde islep ko`ri’p, woni’ turmi’sta qollani’wg`a u`yreniw.

Woqi’w bag`darlamasi’ ha`r bir pa`n siyaqli’ muzi’ka pa`ninede du`zilyedi. Bag`darlama woqi’w rejesi’ne tiykarlanadi. Bunda pa`nnin` mazmuni’, temalardi’n` izbe - izligi yekinshi tema biri’nshisi’n toli’qti’ri’wi’ arqali’ ko`rsyetilyedi. Bag`darlamada usi’ pa`n boyi’nsha woqi’wshi’larg`a beri’liwi lazi’m bolg`an bilim, ko`nlikpe ha`m a`meliyat kishi temalarda qi’sqa ha`m ani’q beri’lyedi.

Sabaqli’q - bul woqi’w processi’nin` tiykari’. Wol woqi’wshi’ni’n` u`ydegi mug`allimi. Pa`nnin` maqseti, mazmuni’ ha`m waziypasi’ sabaqli’qta belgilep beri’lyedi.

Ta`limnin` maqseti - g`a`rezsiz ja`miyetimizdin` rawajina teori’yali’q ha`m a`meliy u`les qosa alatug`in " ka`mil a`wladti " ta`rbiyalaw.

Wazi’ypasi’ - jas a`wladti’ ilimiy bilimler, ko`nlikpe ha`m qurallar menen ta`miyinlew.

Bu`gingi ku`nde woqi’w bari’si’n texnologiyalastiri’w muzi’ka pa`ninde wo`zini n` rawajlaniw da`wiri’n basip wo`tpekte. Tu`rli isbilermenlik, woyi’nlar, soraw - juwap, ayti’s, woyi’n qosi’qlar ko`ri’nisi’ndegi sabaqlardi wo`tiw ken` yen jayi’p kelmekte. Rolge tu`sken, obrazg`a beri’lgen woqi’wshi’ wo`z qaharmani’n jarati’wi’ menen ma`lim bir mamanli’q wo`zlestiri’w modelin qa`liplestiryedi ha`m wol haqqi’nda teren` tu`si’nikke iye boladi’. Bul jerde bir g`ana sabaqli’q jeterli yemes, sabaqtan ti’s qosi’msha xabarlar toplaydi’, izlenyedi.

Muzi’kali’q yesitiw yeleslewleri’nin` qa`liplesiwi ushi’n kiri’tilgen shi’ni’g`i’wlar:

1. Namani’n` ha`reketleri’n ajiratiw joqari’ ha`m to`men, joqari’g`i ha`m to`mengi sesler. Mug`allimnin` awi’zsha tapsi’rmasi’ boyi’nsha, u`sh

seslikleri’nin` ha`m ses qatari’n wo`zlestiri’w, «woyda» yeleslew ha`m keyin ala atqari’w.

2. Notalardi’n` jazi’li’wi’ boyi’nsha, ses qatari’ni’n` basqi’shlari’n wo`zlestiri’w.

3. Awi’zsha diktantlar («Jumbaqlar») yesitkenin atap aytiw, son`i’nan ri’tmin ha`m biyikligi boyi’nsha duri’s atqari’w.

4. Jazba tu`ri’ndegi diktantlar, yesitkenin yeleslewge awdari’p ha`m ses biyiklikleri’n jaziw, son` ri’tmi boyi’nsha jazg`andi duri’s atqari’w.

5. Buri’n tani’s bolg`an misaldi’, notalar arqali’ biliw.

6. U`sh sesliklerdi ha`m ses qatarlardi’ nota jazbasi’ arqali’ «izbe-iz» atqari’w.

7. Yeki sestin` biyikligi arqali’ (ken` ha`m tar jaylasi’wda) yesitip aji’rati’w, son`i’nan bir tonni’n` ha`m yari’m tonni’n` biyikligin aji’rati’w. Beri’lgen sestin` yari’m toni’n awi’zsha tapsi’rmasi’ boyi’nsha intonaciyalaw.

8. Saz-a`spabsiz nota boyi’nsha atqari’w (yesitiw yeleslewleri’nin` aktiv qa`liplesiwi), bul misallardi’ ishinen atqari’w.

9. Kamertonni’n` sestine «sazlani’w» ha`m izlegen sesi’n tawip ali’w.

10. U`yrenip ati’rgan qosi’qlardi’n` tekstleri’n ha`m sonday-aq, taxtadag`i’ jazi’lg`an nota mi’sallari’n ko`shiri’w.

11. Awi’zsha diktantlar mi’sallari’ni’n` sheshiliwin da`pterlerge jazi’wi’.

12. Yesitiw arqali’ major ha`m minor u`sh seslikleri’n ajiratiw, sonday-aq, atlas u`shseslikleri’nin` (do major-dominor) nota boyi’nsha intonaciyalaw.

13. Muzi’kani ti’n`lag`anda qosi’li’p atqari’w.

Bul kitapta ko`rsetilgen shi’ni’g`i’wlardi’n` sistemalastiri’liwi, sol ji’llari’ muzi’ka woqi’ti’w processi’ni’n` sapasi’n ha`m jan`a usi’llari’n payda yetti ha`m de usi’ metodlar tiykari’nda-bir neshe a`wlad ta`rbiyalani’p shi’g`adi’.

Muzi’ka woqi’ti’w processi’nde, a`lbette balalardi’n` yestiw qa`biletleri’nin` rawajlani’wi’na tiykarg`i’ di’qqatti’ awdarami’z, sebebi muzi’kani bizler ko`ri’w arqali’ yemes, al yesitiw arqali’ wo`zleri’mizge qabi’llaymi’z. Balalardi’n` yesitiw qa`biletinin` mu`mkinshilikleri’ ha`r qiyli’ boladi’, sonli’qtan muzi’kali’q bilim ali’w basqi’shlari’nda u`lgere almaytug`in woqi’wshi’larda boladi’. Mi’sali’, yesitiw ha`m dawi’s koordinaciyasi’na iye yemes, ses biyiklikleri’n sezbeytug`in, seslerdi atqari’w payti’nda qi’zi’qsi’nbaytug`i’n h.t.b. Bunday woqi’wshi’lar menen ta`jiri’ybe jumi’slari’, sabaqtan keyin qosi’msha ali’p bari’lg`an. Bul woqi’wshi’lardi’n` muzi’kali’q yesiitiwi, seziw qa`biletleri’nin`, klassi’ndag`i’ woqi’wshi’lardi’n` u`lgeri’w da`rejesi’ne ko`teri’w maqsetinde qosi’qti bir woqi’wshi’dan son`, wolar u`lgeri’w da`rejesi joqari’ bolg`an woqi’wshi’larg`a yeleklep, jari’si’p atqari’wg`a talpi’ng`an.

Ha`zirgi ku`nde de bul usi’l, ko`rgizbeli (pokaz) woqi’ti’w metodi’ si’pati’nda qollani’li’p kelmekte. G.Shari’pova ta`repinen du`zilgen muzi’ka woqi’ti’w metodikasi’nda woqi’wshi’lardi u`sh differencional toparg`a bo`lyedi.

I-toparg`a-muzi’kali’q yesitiw jaqsi’ da`rejede rawajlang`an balalar;

II-toparg`a-muzi’kani ani’q yesite alatug`in, biraq woqi’ti’wshi’ni’n` dawsi’nan keyin atqaratug`in balalar;

III-toparg`a-dawisqa uli’wma tu`speytug`in balalar kiri’tiledi.

Biri’nshi topar balalari’n arti’ng’i’ qatarg`a, yekinshi topar balalari’n aldi’ng`i’ qatarg`a, al u`shinshi topar balalari’n wortang`i’ qatarlarg`a wotirg`i’zi’wdi’ usi’ni’s yetyedi. Muzi’ka qa`biletleri’ to`men bolg`an woqi’wshi’lar menen sabaqtan son` jeke ta`rtipte jumi’s ali’p bari’lsa, wolardi’n`

muzi’kali’q rawajlani’wi’ ha`m qosi’q atqari’w sheberligi wo`sedi. Usi’ni’lg`an metodti’n` na`tiyjesi’nde sabaq dawami’nda muzi’ka qa`bileti to`men balalardi’n` muzi’kali’q rawajlani’wi’ni’n` wo`siwi baqlang`an[2] (16). Sabaqta woqi’wshi’lardi’ qi’zi’qti’ri’w ushi’n wolardi’n` ha`r bir jeti’skenligin qollap quwatlap turi’w maqul.

Muzi’ka pedagoglari’, muzi’kali’q metodikasi’ni’n` bir neshe tiykarg`i’ ma`seleleri’ne tayang`an halda, qosi’q sabag`i’ni’n` bag`darlamasi’n ha`m strukturasi’n du`zip shi’g`adi’. Woqi’ti’w metodikasi’ni’n` tiykarg`i’ ma`seleleri’ne di’qqat awdari’ladi ha`m joqari’dag`i’ metodlardan paydalani’ladi’:

Biri’nshi ma`sele - teori’ya menen praktikani’n` baylani’si’ Berkman, Gri’shenkwolardin` do`retken woqi’ti’w pri’ncipi.

Yekinshi ma`sele - muzi’kali’q jumi’s processi’nde, woqi’wshi’lardi’n` sanasi’ni’n` rawajlani’wi’na qarati’lg`an usi’llar.

U`shinshisi- muzi’kali’q yesitiw qa`biletinin` lad tiykari’nda rawajlani’wi’

To`rtinshi ma`sele- balalardi’n` muzi’kali’q yesitiw yeleslewleri’nin`, ri’tmdi seziwinin` ha`m muzi’kali’q yadti’n` rawajlani’wi’nda ha`reketlerdin` a`hmiyetliligi.

Qosi’q sabaqli’g`i’ni’n` strukturasi’ yetaplarg`a bo`linip ha`m usi’ strukturani’n` tiykari’nda –woqi’w ji’li’ni’n` bag`darlamasi’ du`zilip shi’g`adi’.

Demek, sabaqtin` stukturasi’:

1. Qosi’q-u`yreniw

2. Dawi’s ko`nlikpeleri’

3. Muzi’ka sawati’ (yesitiw qa`biletin rawaj-w)

4. Muzi’ka ti’n`law.

---

[2] G.M.Sharipova «Musiqa uquvi bo’sh bo’lgan bolalar bilan ishlash metodi». 30-bette

Sol ji'llari' usi' metodlar tiykari'nda mekteplerde sabaqlar woqi'ti'li'p bari'ldi'. Ha`zirgi waqi'tta bizin` pedagoglari'mi'z ta`repinen muzi'ka sabaqli'qlari'ni'n` bag`darlami'si' wo`zimizdin` du`n`ya-ju`zlik muzi'kali'q shig`armalari'nan ha`m qosi'qlari'nan aralas du`zilip shi'g`ari'ldi.

I-IV klasslarda:
1. Qosi'q u`yreniw
2. Muzi'ka sawati
3. Muzi'ka tin`law

V-VII klasslarda:
1. Muzi'ka sawati'
2. Muzi'ka tin`law
3. Qosi'q u`yreniw
4.Atqari'w

Bizin` respublikami'zda g`a`rezsizlik ji'llari'nan son`, kompozitor ha`m woqi'ti'wshi' G`.Amaniyazovtin` basshi'lig`i'nda I-V klasslar ushi'n, al A`. Mambetov, T.Qurbanovlar ta`repinen 6-klass ushi'n jazi'lg`an qosi'q-nama sabaqli'qlari'ni'n` basi'li'p shi'g`i'wi', muzi'ka woqi'ti'wshi'lari' ushi'n u`lken ja`rdem boldi'. Bul kitaplarda sabaq strukturasi'ndag`i' qag`i'ydalari'ni'n` izbe-izlik wori'nlari'ni'n` almasi'wi'na qaramastan, ha`zirgi waqi'tta usi' kitaplardan paydalani'p mekteplerde sabaqlar ali'p bari'li'p ati'r. (2-3-qosi'msha aqi'rg`i' bette tablica).

Keyingi ji'llarda, baslawi'sh klasslari'nda du`zilgen sabaqti'n` strukturasi':

1. Xor boli'p atqari'w
2. Muzi'ka sawati'
3. Muzi'ka ti'n`law
4. Muzi'kani'n` xarakteri'ne maslasqan ha`reketlerdi wori'nlaw

Al, worta klasslari’nda–sabaqti’n` strukturasi’ kemeyedi. Sebebi, worta klass woqi’wshi’lari’ ko`nlikpe ha`m wo`z ta`jiri’ybe uqi’pli’li’qlari’na iye boladi’. Sabaq mazmuni’ teren`lesip, woqi’wshi’lar bilim ha`m uqi’pli’li’qlari’ni’n` ken`eyiwine xizmet qi’ladi’. Muzi’ka sabag`i’ tiykari’nan u`sh yetaptan ibarat boli’p:

1. Xor boli’p atqari’w

2. Muzi’ka sawati’

3. Muzi’ka tin`law

Uli’wma bilim beretug`in mekteplerde ha`r qi’yli’ pri’nciplerge ha`m metodlarg`a tiykarlani’p qosi’q sabaqlari’ni’n` woqi’ti’w sistemasi’, wo`z rawajlani’w joli’na u`lken ta`jiri’ybege iye boldi’. Degen menen, 1980-ji’llardi’n` aqi’ri’na kelip, ko`plegen jeti’skenliklerge qaramastan woqi’wshi’lardi’n` muzi’ka-estetikali’q ta`rbiyasi’ da`wir talabi’na juwap bermyedi.

«Qosi’q sabag`i’ni’n` atamasi’, muzi’ka sabag`i’na» wo`zgeryedi, bul jag`day muzi’kali’q bilimlendiri’winin` sistemasi’n tu`pten jan`alandiri’w waqti’ni’n` jetkenligine ja`ne bir tiykarg`i’ sebeplerdin` biri’ boldi’. Qosi’q sabag`i’ni’n` wazi’ypasi’ a`dette woqi’wshi’larg`a xor boli’p atqari’w ha`m muzi’kani’n` sawatlari’ menen tani’stiri’wdan ibarat boladi’. Muzi’ka sabag`i’nda xor boli’p atqari’w ha`m muzi’ka sawatin wo`zlestiri’wdin` a`hmiyetligin biykarlamastan, woqi’wshi’larg`a muzi’ka ko`rkem-wo`neri’nin` barli’q formalari’nin` ha`m janrlari’ni’n` bay mazmunlari’n tu`si’ndiri’wdi, uli’wma muzi’kani’ su`yiwdi u`yrete wotiri’p, woqi’wshi’lardi’n` ruwxiyli’q ma`deniyatin ta`rbiyalaw maqsetin wori’nlaydi. Bir so`z benen aytqanda muzi’ka sabag`i’ni’n` waziypalari’ ken`eyedi.

Belgili kompozitor D.Kabalevskiy, tek muzi’ka do`retip qoymastan, balalar ha`m jaslar ushi’n muzi’ka haqqi’nda radio ha`m auditori’yalarda lekciyalar

woqi’g`an. Muzi’ka sabag`i’ni’n` woqi’ti’w metodikasi’ni’n` wo`zgeshe pri’ncipleri’n do`ryetiwge yeri’syedi. Woni’n` basshi’li’g`i’nda islep shi’qqan bag`darlamani’n` a`hmiyetli wo`zgesheligi, woni’n` tematikali’q du`zilisi’nde. Woqi’w ji’l dawami’ndag`i’ ha`r bir sherekke temalar belgilenyedi. Sabaqtan sabaqqa wo`tip mazmuni’ teren`lesip ha`m qi’yi’nlasi’p baradi’. Barli’q sherekler arasi’ndag`i’ temalar tiykarg`i’ temag`a boysi’nadi’. Mi’sali’: I-klassti’n` I-shereginde qosi’q, woyi’n ha`m marsh muzi’kalari’ tiykarg`i baylani’wshi’ tema bolsa, II-sherekte intonaciya haqqi’nda? III-sherekte-muzi’kani’n` rawajlani’wi’ haqqi’nda; IV-sherekte baylani’sti’ri’wshi’ tema “kompzitor atqari’wshi-ti’n`lawshi”, yag`niy u`shlik haqqi’nda boladi[3](11). Ha`r bir istin` na`tiyjeli baslani’wi’, woni’n` keyingi rawajlani’w bag`dari’na tiykar jaratadi’. D. Kabalevskiy bul metodlardi’ jarati’wda tani’qli’ “u`sh kit” (“tri’ kita”) usi’l’n tiykar si’pati’nda qollanadi’. Demek, I-III-klass woqi’wshi’lari’na, muzi’kani’n` tiykarg`i’ formalari’n ha`m janrlari’n usi’ «u`sh kit»-qosi’q woyi’n –marsh arqali’, yag`niy a`piwayi tu`si’niklerden paydalanadi’.

Al, worta klasslari’nda: 4 klassti’n` tematikali’q du`zilisi, biri’nshi ha`m yekinshi yari’m ji’lli’g`i’na bo`linyedi. Biri’nshi yari’m ji’lli’g`i’ni’n` tiykarg`i’ temasi’: «Muzi’ka ha`m a`debiyat». Yari’m jilli’q yeki sherekke bo`linyedi. I-sherekte «Yeger a`debiyat bolmasa, muzi’kag`a ne bolar yedi» degen tema belgilengen, al II-sherekte «Yegerde muzi’ka bolmasa, a`debiyat penen ne bolar yedi?». Yekinshi yari’m ji’lli’g`i’nda «Muzi’ka ha`m su`wretlew wo`neri’» uli’wmali’q tema boli’p yesaplani’p, woni’n` III-shereginde «bizler muzi’kani’ ko`re alami’zba?», IV-shereginde «Bizler ren`li su`wretti (jivopis`ti) yesite alamizba?» degen temalarg`a tiykarlani’p woqi’ti’ladi’. Keyingi klasslarda da bag`darlama du`zilisi usi ta`ri’zde dawam yetyedi: 5-klassta «Muzi’kanin` jan`alandiri’wshi ku`shi» ha`m «Muzi’kani’n` ku`shi nede». 6-klassta «Muzi’kali’q obraz» ha`m «Muzi’kali’q dramaturgiya». 7-klassta «Muzi’kada

---

[3] D.B.Kabalevskiy Programmi sr.obshobr.shkoli 1-3 klassi trexletney nachal`noe shkoli Moskva, «Prosveshenie» 1988

zamango`y tu`si’nigi» ha`m «Iri’ ko`lemli shi’garmalar» menen «Jen`il muzi’ka»[4] (7).

D. Kabalevskiydin` bul do`retken kitaplari’, muzi’kali’q bilimlendiri’w tarawi’nda buri’li’s jasadi’ desek asi’ra aytqan bolmaymi’z. Sebebi bul metodti’n` sapasi’ ha`m a`meliy qolayli’g`i’ bu`gingi ku`nde de wo`z aktuallig`in jog`altqani’ joq. Usi’ metodti’n` tiykari’nda ha`zirgi g`a`rezsizlik ji’llari’nda mekteplerde, muzi’ka sabaqlari’ jan`a pedagogikali’q texnologiya boyi’nsha woqi’ti’li’p bari’lmaqta ha`m sabaqlardi’n` is-rejesi du`zilmekte. G. Shari’povani’n` du`zgen metodikali’q qollanbasi’nda, usi’nday bag`darda ha`r jilg`a temalar belgilengen:

I-klassta ji’ldi’n` temasi’ “Biz muzi’kani su`yemiz”

II- klassta “Muzi’ka neni su`wretleydi”

III- klassta “Muzi’kada forma ha`m mazmun”

IV- klassta “Xali’q muzi’ka atqari’wshi’li’g`i”

V- klassta “Kompozitorli’q muzi’ka janri’”

VI- klassta “Xali’q muzi’kasi’nin` atqari’w usi’llari’”

VII- klassta “Milliy muzi’ka”, “Maqomlar haqqi’nda uli’wma tu`si’nik”

Bul tematikali’q da`stu`rler tiykari’nda ji’l mazmuni’, sherek mazmuni’ ha`m sabaq mazmunlari’ bir-biri’ menen wo`z-ara baylani’sti’ri’li’p woqi’ti’ladi’. Ha`r qi’yli’ ma`mleketlerde muzi’kani’n` ta`rbiyalani’w da`stu`ri’nde ha`reketlerden ken`nen paydalani’p kelmekte. Mi’sali’: Vengri’yada nota boyi’nsha atqari’wda, basqi’shlardi’ ani’qlawda, wo`zinin` sha`rtli ha`reketleri’nen paydalani’ladi’. Bolgari’yada, notani’ woqi’p u`yreniwde ses qatarlar ja`rdeminde woqi’tadi’, yag`niy “teksheler” sistemasi’ boli’p qa`liplesip, wonda qollar ja`rdeminen de paydalani’ladi’. Shveycari’yali’q pedagog-muzi’kant E.Jak Dal`kroz sozimli’qlardi’ duri’s sanap uyryetiw ushi’n tek qoldi’n` yemes, al gewdenin` de ha`reketler sistemasi’n jaratadi’. Bul

---

[4] D.Kabalevskiy. Programmi sr. obsheobrazovanniy shkoli. Muzika 4-7 klassi Moskva, «Prosveshenie» 1988.

ha`reketler ha`r qi'yli' muzi'kali'q ha`reketlerge sa`ykes tiykarlang`an mi'sali'-tempke, dinamikag`a, ri'tmge, frazirovkag`a, uli'wma muzi'kani'n` xarakteri'ne h.t.b. Bul sistema ri'tmikali'q gimnastika yamasa ri'tmika sistemasi' dep atali'p, du`n`ya ju`zine tarali'p, ha`zirgi waqi'tta da ken`nen paydalani'lmaqta.

D.Omonullaevani'n` sabaqli'g`i'nda "baslang`i'sh klasslari'nda ri'tmik ha`reketlerdi wori'nlaw, woqi'wshi'lardi'n` fizikali'q rawajlani'wi'na tiykar jaratadi' deydi. Sonday-aq, baslang`i'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` dawi's apparatlari' na`zik boli'p, wolardi'n` di'qqati', tili, dikciyasi', yadi' toli'q rawajlanbag`anli'g`i' sebepli, muzi'ka sabaqlari'nda iskerlik tu`rleri'n tez-tez almastiri'p turi'w lazi'm" deydi. Sabaq dawami'nda to`mendegi ha`reket tu`rleri'nen paydalani'w usi'ni's yetilyedi: marsh muzi'kalari'na qa`dem taslaw, juwiri'w, woyin elementleri'n wori'nlaw, wo`z betinshe woyi'nlar wo`tkeri'w, muzi'kani'n` xarakteri'ne sa`ykes tu`rli qol ha`m dene ha`reketleri' menen wori'nlaw[5] (11).

Balalardi'n` muzi'kali'q qa`biletleri'nin` lad tiykari'nda rawajlani'wi' ushi'n, a`melge asi'ri'li'p ati'rg`an bir qansha metodlar u`lken a`hmiyetke iye. Ladti ha`m ses birlikleri'n ajiratip, yesitiw qa`biletleri'n rawajlandiri'w maqsetinde, Gollandiyali'q muzi'ka pedagogi P`er Fan Xayven, balalar dawi'si'na qolay tessiturani saylaydi'. A`melde bul turaqli' III ha`m I basqi'shlar, bul basqi'shlardi' "sol`" ha`m "mi" sesleri' menen belgileydi "s", "m" (III, I). Usi' yeki basqi'sh ja`rdeminde ha`r qi'yli' ri'tmikali'q almasi'wi'n du`zyedi. Balalardi'n` yesitiw qa`biletleri'n rawajlandiri'w maqsetinde usi' metod ha`zirgi da`wirde na`tiyjeli qollani'p kelmekte.

Woqi'wshi'larg`a sabaqlardi yelede ta`sirli ha`m qi'zi'qarli' yetip wo`tiw ushi'n, balalar saz-a`spablari'nan paydalani'wi haqqi'nda G.Sharapovani'n` du`zgen metodikasi'nda jazi'lg`an «Ses biyikligine iye ha`m ses biyikligine iye yemes» a`spablar boli'p yekige bo`linede. Biri'nshisi'ne: metallofon ha`m

---

[5] D.Omonullaev va boshqalar «1 sinf uchun musiqa darsligi» Toshken, 1997

ksilofon kiryedi. Yekinshisi’ne: da`p, qasi’qlar, barabanlar, shi’n`g`i’rawi’qlar ha`m rumblar kiryedi. Klassti’ 2 toparg`a bo`lip 1-topar shappatlaw ha`m atqari’w, 2-topar bolsa dawis beri’w usi’li’ (bum-baka-baka-bum) menen a`melge asi’ri’wi’ mu`mkin. Sonday-aq, balalar saz-a`spabi’nda grafikte ko`rsyetilgen si’zi’lmalarg`a qarap, ri’tmi boyi’nsha atqari’w, woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik qatnasi’n asi’radi’ ha`m de muzi’kali’q qa`biletleri’n ha`r ta`repleme rawajlandi’radi[6](14). Biz bilemiz, muzi’ka wo`neri’ adamni’n` ishki sezimleri’ne ta`sir jasay alatug`in qural bolip yesaplanadi’. Joqari’da bayan yetilgen barli’q metodikali’q miynetleri’nin` ja`ne bir a`hmiyetli ta`repi, muzi’ka sabag`i’nda, balalardi’ estetikali’q ta`rbiyalaw ma`selesi’ne qaratilg`anlig`i’. Muzi’ka pedagoglari’ balalardi’n` itibari’n barqulla ha`r qanday intonaciyani taza ha`m suli’w yetip atqari’wi’na qarati’wi’ tiyis. Bul woqi’wshi’lardi’n` yesitiw di’qqati’n rawajlandi’ri’p qoymastan, uli’wma atqari’p ati’rg`an qosi’g`i’n ti’n`lap biliwdi de ta`rbiyalaydi’. Sebebi, wo`sip kiyatirg`an jas a`wladti’ muzi’ka arqali’ du`n`yag`a degen ko`z-qarasi’n qa`liplestiri’w ha`m wolardi’n` ha`r ta`repleme garmoniyali’q rawajlani’wi’, muzi’kali’q ta`rbiyalani’wi’ni’n` basli’ wazi’ypasi’na kiredi.

Bu`gin muzi’ka ma`deniyatinin` tiykarlari’n jaslarg`a u`yryetiw uli’wma worta ta`lim mektepleri’ndegi ko`rkem-wo`ner xizmeti ha`m qosi’q sabaqari’ bari’si’nda a`melge asi’ri’ladi’. Woqi’ti’wshi’ jaslardi’, muzi’ka ma`deniyati a`lemine ali’p kiri’w muzi’kali’q ta`rbiya arqali wo`tyedi, balalardi’n` ha`m jas wo`spiri’mlerdin` muzi’kali’q ta`rbiyasi pu`tkil xali’qti’n` muzi’kali’q ma`deniyati’ni’n` tiykari’n quraydi’. Shaxsti’n` muzi’kali’q talaplari’ muzi’kali’q ta`rbiyadan, a`sirese baslawi’sh klasslarda balalar ushin arnalg`an joqari’ ko`rkemlikke iye namalardi’n` shertiliwinen, mug`allimnin` sabaq bari’si’nda woqi’wshi’da muzi’kag`a bolg`an su`yispenshilikti payda yete ali’wi’nan g`a`rezli. Bul bala ta`repinen muzi’kag`i bolg`an ishki ruwxiy talapti’n`, za`ru`rliktin` sanali’ moyi’nlani’wi’na, ta`n ali’ni’wi’na ali’p keledi.

[6] G.Sharapova «Musiqa uqitish metodikasi» Bolalar cholg`u asboblarida jur bulish 22 bette. Toshkent 2003

Solay yeken, mekteptegi muzi’kali’q ta`rbiya waziypalari’ ju`da` quramali’ boli’p, wolar:

- Joqari’ da`rejedegi ko`rkemlikke iye muzi’kag`a qi’zi’g`i’wshi’li’q ha`m su`yispenshilikti ta`rbiyalaw;
- Muzi’kani duri’s tu`si’niw ushi’n za`ru`rli bolg`an saz wo`neri’ ni’zamli’qlari’ haqqi’nda bilimler menen qurallandi’ri’w;
- Muzi’kali’q qa`bilet ha`m talg`amdi rawajlandi’ri’w;
- Aktiv tin`lawshi’ ha`m atqari’wshi’ boli’w imkaniyati’n jarati’wshi’ u’qi’p ha`m ko`nlikpelerdi qa`liplestiri’wge qarati’li’wi’ tiyis.

Biz bul waziypalardi’ wori’nlay wotiri’p, woqi’ti’wdi’n` izbe-izligi, bir pu`tinligi, sisitemalilig`i’ pri’ncipleri’nen kelip shi’qsaq, woqi’ti’w, muzi’ka ma`deniyatin qa`liplestiri’wge, shaxs ta`rbiyasi’na ta`sir yetyedi dep tasti’yqlaymi’z.

Texnologiyalastiri’w degende xali’qi’mi’zdi’n` milliy ta`jiri’ybeleri’nen kelip shi’g`i’p zamanago`y usi’lda belgili bir maqsetti go`zlegen halda woqi’ti’wdi’n` jan`a usi’llari’n woylap tabi’w. Bunda worta mekteptin` 3-klasi’nan baslap itibar beri’w, sabaqti ko`rgizbeli, qi’zi’qli’ yetip jobalasti’ri’w ko`zde tuti’lg`an.

## II-Bap Muzi’ka ta’limini procesi’nde woqi’wshi’lardi’n` wo’z betinshe do`retiwshi ko`nlikpeleri’n rawajlandiri’w texnologiyalari’.

### 2.1. Woqi’wshi’lardin` do`retiwshilik ko`nlikpeleri’n qa`liplestiri’wde interaktiv metodlar ha’m sabaqtan ti’s muzi’ka ta’liminde innovacion a`meliy juwmaq ma’seleleri’.

Muzi’ka ko`rkem-wo`neri’ ja`miyettin` ruwxiy ma`deniyatin qa`liplestiryedi, jaslardin` ideologiyali’q ha`m ruwxiyli’q ta`rbiyalani’wi’ bag`dari’ni’n` azi’g`i’ boli’p xi’zmet yetyedi. Muzi’ka ta`rbiyag`a tikkeley ta`sir yetiwshi qural boli’p qoymastan, jaslardi’n` ha`zirgi da`wir progressiv ideyalari’n estetikali’q qabi’l yetiwin teren`lestiredi. Shaxsti’n` garmoniyali’q rawajlani’wi’nda muzi’ka, ha`r jaqlama ta`sir yetiwshi usi’llardi’ payda yetedi. Soni’n` menen birge wo`sip kiyatirgan jas a`wladti’n` ruwxiy estetikali’q rawajlani’wi’ni’n` jan`a forma ha`m metodlari’ni’n` mexanizmleri’n izertlew za`ru`rligin talap yetyedi. Bul ani’qlamadan kelip shi’g`i’p muzi’ka sabag`i’ bari’si’nda woqi’wshi’lardi’n` do`ryetiwshilik ko`nlikpeleri’n qa`liplestiri’wde innovacion texnologiyalardan paydalani’w sonday-aq, ha`r qi’yli’ interaktiv metodlar ja`rdeminde woqi’wshi’larg`a bilim beri’wdi jyetilistiri’wdin` kompleksli algori’tmin islep shig`iw kerekligi wo’z da’liylin tappaqta.

İnnovacion texnologiyalardan paydalani’wdi’n` uli’wma mazmuni’, qollani’w pri’ncipleri’ pedagoglar ushi’n janali’q yemes, biraq jan`a pedagogikali’q texnologiyalar ja`rdeminde (ma`selen: klaster metodi, teksheme-tekshe metodi’, komp`yuter texnologiyalari’) muzi’ka pa`ninin` specifikasi’na sa`ykes sabaqlarda woqi’ti’w, bul ilimiy jan`alig`i boli’p yesaplanadi’. Worta ta`lim mekteplerde muzi’ka woqi’ti’w sabaqlari’ni’n` mazmuni’na wo`zgeshe ko`z-qarasta boli’p, balani’n` pa`nge, uli’wma ko`rkem-wo`nerge qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n payda yetip, woni’ woni’ do`retiwshi shaxs yetip ta`rbiyalaw ha`m woni’n` aktiv tu`rde bilim iyelewi ushi’n, ha`r qi’yli’ metodlardi’

qollandi’q. Ha`zirgi waqi’tta bilimlendiri’w tarawi’nda, a`sirese joqari’ woqi’w wori’nlari’nda ha`r bir woqitatug`in da`stu`ri’y sabaqlardi’n` ha`m de sabaqlarda qollang`an ha`r qi’yli’ metodlari’ni’n` texnologiyali’q kartasi’n islep shi’g`i’wdi’ zaman talap yetpekte.

Bugingi ku`nde woqi’wshi’lar ta`lim processi’nde iyellewi kerek bolg`an bilim ko`nlikpe ta`jiri’ybe elementleri’n baqlaw, bosli’qlardi ani’qlaw ha`m de diognostikali’q analiz ushi’n ta`lim processi’nde ken` qollani’latu`g`in testlerge uliwmali’q pikirler, muzi’ka ta`limi processi’nde innovacion texnologiyalardan paydalani’w usi’llari’, test tapsi’rmalari’ tu`rleri’ ha`m wolardi’n` analizi tuwrali’ mag`lumatlar sabaq processi’nin` bo`limleri’nde beri’lgen. Sonday-aq, muzi’ka ta`liminde innovacion texnologiyalardi’n` worni, muzi’ka sabag`i’n innovacion texnologiyalardi’ qollag`an jag`dayda sho`lkemlestiri’w wo`z aldi’na a`hmiyetli. Muzi’ka sabaqlari’ ko`rkem improvizaciya-woqi’wshi’lar do`ryetiwshilik qabiliyetleri’n rawajlandiri’w tiykari’nan wolardi’n` do`ryetiwshiliktegi isleri’ pedagogikali’q ta`sir yetiwdin` formasi si’pati’nda muzi’ka ta`liminde rawajlaniwshi worni wog`ada ahmiyetli. Da`stu`ri’y sabaq beri’w processi’nde sabaq beri’wde woqi’wshi’ passiv bolip ob`ekt yesapi’nda wo`qi’ti’lar yedi. Ha`zirgi zaman sabaq wo`tiw jan`a texnologiyasi’nda bolsa woqi’wshi’ menen woqi’ti’wshi’ sub`ekt yesabi’nda sabaq wo`tilyedi.



**Woqi'ti'wdi'n' passiv usi'li' (metodi')**




**Woqi'ti'wdi'n' aktiv usi'li' (metodi')**




**Woqi'ti'wdi'n' interaktiv usi'li'**

(metodi')




Woqi'wshi'larda bilimdi qa`liplestiri'wde muzi'ka sabag`i'ni'n` worni' u`lken. Kishi jasta balalar yertektin` mazmuni'n jen`il qabi'l yetedi. Sebebi balalar yertek qaharmanlari'na uqsati'p so`ylewdi yag`niy obrazlardi' wo`zleri' su`wretlewdi jaqsi' ko`redi. Buni'n` na`tiyjesi'nde woqi'wshi'lardi'n`

do`retiwshilik qa`bileti qa`liplese baslaydi’. Do`retiwshilik woqi’wshi’lardi’n` yeslew qa`biletinin` belsendiligin arttiradi’, pikirlewdi, baqlawshi’li’qti’, ma`qsetke yeri’siw ushi’n umti’li’wdi’, talaplani’wdi’ rawajlandiradi’. Muzi’kali’q do`ryetiwshilik woqi’wshi’larda pikirlew menen birge tez bir qararg`a keliw qa`biletleri’n qa`liplestiryedi. Woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshiligi bul wo`z betinshe ha`reket yetiwi menen baylani’sli’ boladi’. Muzi’ka sabaqlari’nda woqi’wshi’lar do`retiwshiligi tiykari’nan muzi’kali’q a`meliyatti u`yreniw bari’si’nda ha`m wog`an qi’zi’qti’ri’wda payda boladi’. Woqi’wshi’lardi’ muzi’ka sabag`i’nda do`retiwshilik ha`reketine tayarlaw tiykari’nan u`sh bag`darda ali’p bari’lsa maqsetke muwapi’q boladi’.

| | |
|---|---|
| **Biri’nshi bag`dar** | Turmi’sqa baylani’sli’ waqi’yalardi’ muzi’kali’q su`wretlewler menen bayi’ti’w arqali’ ali’p bari’lsa. Bunda ma`selen, yerteklerdegi qosi’qlar, milliy u`rip – a`detler menen baylani’sli’ muzi’kali’q shi’g`armani’n` qaharmanlari’ ha`m muzi’kali’q woyi’nlar tiykarg`i’ negiz boli’p yesaplanadi’. |
| **Yekinshi bag`darda** | Woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’ do`ryetiwshi ha`reket usi’llari’ menen tani’sti’radi’. Bunda wolarg`a a`piwayi’ shi’g`armalar, qosi’qlar, ri’tmikali’q usi’llar menen nama so`zleri’ beri’lyedi ha`m u`yryetilyedi. Muzi’kali’q do`retiwshilik u`lgileri’nen: Ma`selen, muzi’kali’q shig`armag`a ri’tmikali’q kiri’siw bo`limin do`ryetiw yag`niy u`yrenetug`in qosi’qqa kiri’siw bo`limi do`retilyedi. Bul bag`darda tiykari’nan woqi’wshi’ni’n` do`retiwshilikke ha`reket yetiw qa`biletinin` rawajlandiri’liwina qarati’ladi’. |

| | |
|---|---|
| U`shinshi bag`darda | Woqi’ti’wshi’ qosi’qti’ wo`zi atqaradi’, keyin birgelikte qosi’qti’n` talqi’lani’wi’ ha`m atqari’w rejesi ayti’ladi’. Bul do`retiwshilik bag`dari’nda woqi’wshi’larg`a tani’s bolg`an qosi’qlar arqali’ tu`si’ndiri’lyedi. Birdey ha`m ha`r qi’yli’ nota joli’, ha`r qi’yli’ muzi’kali’q obrazlar ha`m muzi’kali’q ha`reketleri’nin` atqari’li’wi’na baylani’sli’ bolg`an shig`armalar arqali’ woqi’wshi’lardi do`retiwshilik ha`reketleri’ne tayarlaw u`lken a`hmiyetke iye boladi’. Ma`selen nota joli’ni’n` namalari’ni’n` vari’antlari’n jarati’w ushi’n woqi’wshi’ni’n` so`z soylewi ri’tmlik ta`jiri’ybesi ha`m nota joli’n tu`si’niwi kiryedi (qosi’q teksti, muzi’kanin` ri’tmlik du`zilisi, nota du`zilisi). |

Woqi’wshi’larda do`retiwshilik ha`reketlerdi isshen`likti qa`liplestiri’wde do`retiwshi tapsirmalar wog`ada a`hmiyetli. Woqi’ti’wshi’ do`ryetiwshi tapsi’rmalardi’ usi’ni’s yetiwde woyi’n formasi’n qollani’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’. Sabaqti’n` woyi’n formasi’n wo`tkeri’wdegi maqset woqi’wshi’larda tez juwap beri’wdi sho`lkemlestiri’w. Bul ju`da` a`hmiyetli boli’p, woqi’wshi’larda do`ryetiwshilik bag`darlari’n qa`liplestiryedi. Bunda woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshiligi muzi’ka tin`lawda, qosi’q ayti’wda, balalar saz a`spabi’nda qosi’li’p ayti’wda ha`m soni’n` menen birge wolardi’n` muzi’kali’q ri’tmikali’q ha`reketleri’nde ko`ri’nyedi.

Muzi’kani’ woqi’ti’wda woqi’ti’wshi ta`repinen jan`ali’qlardi yengizip, woqi’wshi’larda do`ryetiwshilik uqi’pli’li’qti’ payda yetiwi woqi’ti’wdi’n` mazmuni’n jaqsi’laydi. Buni’n` na`tiyjesi’nde woqi’wshi’lardi’n` muzi’kag`a bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ artadi’, mug`allimnin` bilim beri’w ushi’n talapshan`li’g`I’, juwapkershiligi ku`sheyedi ha`m woqi’wshi’lardi’n` yerkin pikirlewine yeri’sedi.

H’a`zirgi waqi’tta da`wir talabi’ni’n` tiykarg`i’ maqsetleri’nin` biri’ h’a`r ta`repleme rawajlang`an ka`mi’l insandi’ shaxsti ta`rbiyalaw boli’p yesaplanadi’.

Sonli’qtan a`sirese, uli’wma bilim beretug`in mekteplerde sabaqlardi’ innovacion texnalogiya tiykari’nda woqi’ti’p bari’w, aktual waziypalari’ni’n` biri’ boli’p tabi’ladi’. H’a`mmege ayan h’a`r qiyli’ pedagogikali’q texnalogiyalardi’ h’a`r qi’yli’ sabaqlarda specifikasi’na sa`ykes qollani’wg`a boladi’. Solay yeken iskerlik woyi’ni’ interaktiv usi’i’nda (metodi’n) muzi’ka sabag`i’nda mi’sal retinde qollanami’z. (Baslawi’sh klass).

**Sabaqti’n` temasi’: Biz muzi’kani’ su’yemiz**

**I-etap sabaqti’n` maqseti**. Woqi’wshi’lardi’n` bilimleri’n, ziyrekligin, talantlig`in, tapqi’rli’g`i’n, aqi’lli’g`i’n, aktivligin, si’naw. Wolardi’n` pa`nge, uli’wma ko`rkem-wo`nerge degen qi’zi’g`i’wshi’ilig`i’n baqlaw. Du`nyag`a degen ko`z-qarasi’n qa`liplestiri’w. Woqi’wshi’larg`a sabaqti’n` maqsetin tu`si’ndiri’p klassti 5 woqi’wshi’dan 3 toparg`a bo`liw. To`reshilerdi ta`jiri’ybeli h’a`m muzi’ka pa`ni woqi’ti’wshilardan du`ziw.

**II-etap sabaqti’n` mazmuni’.**

Muzi’kali’q woyinnin` bari’si n` basqishta wo`tyedi.

**1. Notalardin` ati menen rebuslardi sheshiw**

(Bul basqi’shti’n` maqseti keyingi basqi’shlarg`a kiri’siw si’pati’nda boli’p balalardi’n` bir-biri’ne maslasi’wi’n na`zerde tutadi’) Muzi’kani’n` do`ryetiw usi’llari’ni’n` tiykari’n notalar quraydi’. Notalardi’n` si’zi’qshalarda jaylasi’w worni’n h’a`m wolardi’n` atamalari’n teren` u`yrenip ali’w maqsetinde plakatqa si’zi’qshalardag`i’ h’a`r bir notani’n` atamalari’na baylani’sli’ toli’q yemes so`zlerdi jazi’p qoyami’z. Woyi’nshi’lar so`zlerdin` kemis bolg`an buwi’nlari’n ani’qlap plakatqa jazi’p ko`rsetiwi kerek.

**2. «Muzi’ka h’a`m h’a`reket»**

Adamni’n` ishki sezimleri’ estetikali’q ta`rbiyasi’na qaray h’a`m rawajlani’wi’na baylanisli wo`zgeri’wi mumkin. H’a`r bir adam muzi’kani’

tin`lap, ko`z-aldi'na qandayda bir obrazdi yelestiredi. Bul basqi'shti'n` maqseti ballardi'n` ishki sezimleri'n obrazli'q (konkret) h'a`reketler arqali' rawajlandiri'w, yag`niy mug`allim saz-a`sbapta qandayda bir muzi'kani atqaradi, wol atqari'wshi'lar atqarg`an h'a`r bir muzi'kanin` obrazlari'n yeleslep, h'a`reketler arqali ko`rsetip beri'w kerek. (quslarg`a h'aywanlarg`a tiyisli h'a`reketler ayaq-woyi'n muzi'kasi'na tiyisli h'a`reketler h.t.b.)

**3. «Muzi'kani'n' ahmiyeti».**

Bul basqi'shti'n` maqseti: woqi'wshi'lardi'n` ishki sezimleri'n muzi'kani'n` h'a`m su`wretlew wo`neri' arqali' yelede ken`irek, teren` rawajlandiri'w. Muzi'kani ti'n`lap su`wret sali'w ushi'n h'a`r bir adamni'n` wo`zine ta`n estetikali'q qatnaslari' qa`liplesken boladi. Muzi'ka arqali' yesitiw qa`biletin, al su`wret saliw arqali ko`ri'w qa`biletin rawajlandiri'p, wolardi'n` du`nya tani'w qa`biletin, sezimleri'n, estetikali'q talg`ami'n wo`siremiz. Woqi'wshi'larg`a muzi'kali'q shi'g`armani' awdio-jazi'w arqali' yamasa saz-a`sbap arqali' atqari'p ti'n`latti'rami'z. H'a`r bir woqi'wshi' qag`azg`a tu`rli ren`li qa`lemler menen su`wret saladi' h.t.b.

**III etapta** Jari'sti'n` son`inda to`reshiler juwmaqlawshi bah'ani ayti'p jen`impaz bolg`an komandani' aytadi'.

**IV etapta** Mug`allim h'a`r bir toparg`a wo`zinin` pikirleri'n ayti'p qi'sqasha si'patlama beredi. Pedagogikali'q ko`z-qarastan na`zer salatug`i'n bolsaq, woqi'wshi'ni'n` jeti'skenlikleri' joqari' da`rejede bolmasada, balani'n` uqi'pli'qlari'n joqari' bah'alap, marapatlap h'a`m de wo`z ku`shine isenimdi woyatiw kerek.

Mug`allim u`yge tapsi'rma beri'p uli'wma sabaqti' juwmaqlaydi'. Joqari'da tiykarg`i' ped-texnalogiyalari'ni'n` bir-biri'ne teori'yali'q kategori'yali'q analiz jasap shi'qti'q. Soni'n` ishinde, aktiv woqi'ti'w metodlari'ni'n` biri' diskussiya boli'p tabi'ladi'. Diskussiya arqali' «miyge h'u`jim» h'a`mde iskerlik woyi'ni' usi'llari'ni'n' elementleri'nen du`ziliwi

mu`mkin. Sabaqlarda a`sirese «domalaq stol» diskussiyasi'ni'n` elementleri' ko`p paydalanadi. Mine usi' diskussiya metodi'n muzi'ka sabag`i'nda woqi'ti'p barami'z.

**Sho`lkemlestiri'wshi basqi'sh**

Bul diskussiya sabag`i'ni'n` temasi «a`debiyat h'a`m muzi'ka arasi'ndag`i' baylani'slar» boyi'nsha woqi'wshi'larg`a terminlerdi tu`si'ndiri'p wo`temiz. Demek, vokaliz, vokal ansambli, xali'q do`retpeleri'nin` tiykarlari' wopera h'a`m balet libretto h'aqqi'nda muzi'kali'q drama h'aqqi'nda tu`si'ndiri'p wo`tiw tiyis.

**Biri'nshi basqi'sh**

1. **Diskussiyani'n` problemasi'n belgileymiz**. Muzi'ka menen a`debiyat arasi'ndag`i' baylani'si'n ani'qlaw. Sonday-aq muzi'ka h'a`m a`debiyat ko`rkem-wo`neri'nin`, balani'n` muzi'kalik h'a`m estetikali'q ta`rbiyalani'wi'na uli'wma tasiri'n ani'qlaw.

2. **Diskussiyani'n` maqseti:** Woqi'wshi'larg`a muzi'ka h'a`m a`debiyatti'n` adam wo`miri'ndegi xizmetin, a`h'miyetin, wolardi'n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri'n h'a`m wo`z-ara baylani'slari'n ani'qlap bari'w. Wolardi'n` bilimleri'n woy-wo`ri'si'n wo`siri'w.

**Yekinshi basqi'sh**

Biri'nshi mashqalani'n' tiykarg`i' sorawi': «Muzi'kani'n' worni'n ne basa aladi'?» H'aqi'yqati'nda da h'a`r biri'mizge belgili so`z bolmasa qosi'qti yamasa vokal shig`armasi'n jazi'wg`a bolmaydi'. Degen menen h'a`r bir bala muzi'ka menen a`debiyat arasi'ndag`i' ra`n`-ba`ra`n` baylani'si'n tu`si'ni'p ali'wi' ushi'n, yeger a`debiyat bolmag`anda muzi'ka wo`neri' qanday aqibetlerge duwshar boli'wi'n qi'yali'na keltiri'w ushi'n ko`p izleniwlerdi talap yetedi. Sonli'qtan h'a`r bir woqi'wshi'ni'n` so`zin, pikirleri'n tin`lap, sorawdi'n` mazmuni'n ashi'p beri'wge umti'lami'z.

Ma’sekenin’ yekinshi ta`repi: «Muzi’kani’n’ worni’n ne basa aladi’?» Bul sorawg`a a`piwayi’ juwap tek qosi’q wo`neri’nde boli’wi’ mu`mkin, sebebi qosi’qti’n` yeki bo`limliligi h’a`mmege ayan. Ko`pshilik a`debiy shig`armalarda balalar ushi’n yertekleri’nen baslap h’a`r bir xali’qti’n` jazi’wshi’lari’ ta`repinen do`retken ko`p bo`limli shi’g`armalari’nda h’a`r qi’yli’ formada muzi’kani’ ushi’ratiwg`a boladi’. Geypara gezde yelespes wo`tip ketedi, al bir waqi’tlari’ muzi’ka tiykarg`i’ wori’ndi iyelep turadi’. Bul temani’ tu`si’ndiri’w payi’ti’nda woqi’ti’wshi’ni’n` tiykarg`i’ waziypasi’, woqi’wshi’larg`a kitaplardi tek «ko`zi» menen woqi’p qoymastan, qulag`i’ menende yesitiwdi u`yryetiw, wolarg`a muzi’ka bolmag`anda a`debiyatta ko`p na`rse bolmasli’g`in an`lap jetiwine ja`rdem beri’w, shayi’r-jazi’wshi’ muzi’kag`a ja`rdem beredi, al muzi’kant kompozitor poeziyag`a a`debiyatqa ja`rdem beredi. Diskussiya bari’si’nda woqi’wshi’lardan xali’q yertekleri’nen, da`stanlardan problemani’n` mazmuni’n ashi’p beri’w ushi’n mi’sallar keltiri’p, bul yeki wo`ner arasi’ndag`i’ wo`z-ara baylani’sti’ ani’qlaymi’z.

**U’shinshi basqi’sh:** Ku`ni menen bizler a`debiyat penen muzi’kani’n` baylani’si’na itibar berdik. Soni’ ayti’p wo`tiwimiz wori’nli’ boladi’, diskussiyani’n` worayi’ muzi’ka boli’p turi’wi kerek, sebebi bizler muzi’ka h’aqqi’nda diskussiya wo`tkeri’p ati’rmi’z. Soni’n` menen bir qatarda adebiy shi’g`armalarda, muzi’kali’q shig`armalardi’n` atqari’wi’na yamasa kitap betinde qosi’qlardi’n` atqari’li’wi’na itibar qarati’w tiyis. Woqi’wshi’ wo`tkeri’lgen diskussiya sabag`i’n tali’qlaydi’, na`tiyjelerdi ayti’p wo`tedi. Diskussiyani’n` maqseti menen juwmaqlawshi’ ko`rsetkishlerdi sali’sti’radi’. Muzi’ka ta’liminin’ maqseti, balalarg`a jumi’sti’ h’a`r ta`repleme qabi’llawg`a h’a`m wo`mirge degen ko`z-qarasi’n qa`liplestiri’wde ja`rdem beredi.

**Kompiuter texnologiyasi’.** Kompiuter bag`darlamalari’ tiykari’nda ali’p bari’latug`i’n sabaqlarda balag`a bilimlerdi sapali’ yetip jetkizemiz. Sebebi wol yesityedi h’a`m ko`ryedi h’a`m tapsi’rmalardi’ wori’nlaw ushi’n kompiuterdi wo`zi basqaradi’. Na`tiyjede balada qi’zi’g`I’wshi’li’q woyanadi’ h’a`m sabaqqa

degen qatnasi’ aktivlesyedi. Ma`selen, basqa pa`nler boyi’nsha bag`darlamalar siyaqli’ muzi’ka sabag`i’nda da scenari’y boyi’nsha bag`darlamalar duziledi. Sonday-aq, mazmuni’ni’n` elementleri’n bir personaj biri’ktiri’p ali’p baradi’. Da`slep barli’q programmani’n` tiykarg`i’ personaji menen tani’sti’rami’z-robot Ayi’qsha, balalarg`a –«h’a`zir sizlerdi robot penen tani’sti’raman, woni’n` ati’ Ayi’qsha. Wol sizlerge tapsi’rmalar beredi, al sizler di’qqat penen ti’n`lap sorawlarg`a duri’s juwap qaytari’p tapsi’rmalardi’ wori’nlawi’n`iz kerek»-dep tu`si’ndiremiz. Son`i’nan kompiuterdin` klaviaturasi’nda qaysi’ klavishalari’n basi’w kerekligin tu`si’ndiri’p wo`temiz. Yeger bala duri’s juwap berse Ayi’qsha «Tuwri’!» -dep ku`lip maqullaydi’. Al yeger bala qa`telesken bolsa, wonda «woylaaaan», «qaytadan ko`rrrr» -dep h’ayran boli’p turadi’. Bala kompiuterdegi kursor menen joqarg`a, to`menge won`g`a, shepke ju`rgizip u`yrengennen son` tapsi’rmani’ wori’nlawg`a kiri’syedi.

1) Ma`selen, minanday jag`day payda boladi’. Qoyan wozinin’ tuwi’lg`an ku`nine tog`ay h’aywanlari’n mira`t yetedi. Ayi’qsha h’a`r bir h’aywanni’n` xarakterleri’ne say muzi’kali’q u`zindini tin`lag`an balag`a-«bul muzi’ka qaysi’ h’aywandi’ (ayi’w, qasqi’r, qoyan, tiyin, tu`lki h’,t,b,) su`wretleydi!»-degen sorawlardi beredi, al balalar jumbaq juwabi’n tawi’p knopkani’ basadi’.

2) Mira`t yetilgen h’aywanlar tuwi’lg`an ku`nge saz a`sbaplari’ menen kelgen. Ayi’qsha balalarg`a-«qag`i’p atqaratug`i’n kselofon a`sbapi’n tabi’n`!»-degen tapsi’rma beredi. Bala a`sbapti’ atap son` klavishti basi’wi’ kerek. Yeger wol a`sbapti duri’s tapsa, wonda kselofon a`spabi’ni’n` konturi’ ren`ge boyaladi’. Yendigi soraw «qaysi a`sbapti u`plep shertiwge boladi?» bala nay dep a`sbapti ataydi, son` tiyisli klavishti basi’wi’ kerek. «qaysi’ a`sbap shi’n`g`i’rlaydi’?» (qon`iraw) h’a`m «qaysi’ a`sbapta shertip atqari’wg`a boladi’?»(duwtar)-sorawlari’na da usi’ ta`qlette juwaplar aliwi’miz kerek.

3) Bilimleri’n bekkemlew maqsetinde usi’ a`sbaplardi’n` h’awazi’n, dawi’si’n woqi’wshi’ ti’n`lap, atqari’li’p ati’rg`an a`sbapti’ tabi’w kerek.

Woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’n` h’ar qaysi’si’na bah’a beri’p, sabaqti’n` na`tiyjesi tuwrali’ balalar menen birge pikir ali’sadi’.

**Sabaqti’ juwmaqlaw.**

Muzi’ka mug`allimleri’ muzi’kali’q sesleri’n yesitiw qa`bileti to`men balalardan na`tiyje shi’qpaydi degen qararg`a kelmey, al bunday balalar menen ko`plew waqi’t dawami’nda shug`i’llani’p, wolarg`a mu`mkinshilik jaratiw h’a`r bir muzi’ka mug`allimnin` waziypasi’ boli’p tabi’ladi’. Sebebi, bala organizminin` wo`siwi h’a`m rawajlani’wi’, psixikali’q jaqtan jetilisiwi, tu`rli jas da`wirleri’nde h’a`r qi’yli’ boladi’. Joqari’da bayan yetilgen pedagogikali’q texnologiyalar bilimlendiri’wdin` bir pu`tinligin jarati’p woqi’w processi’nin` belgili bir bo`legin wo`z ishine qamtiydi. H’a`r qi’yli’ mazmun woqi’ti’w processi’ni’n` maqsetine sa`ykes ali’p bari’ladi’, bul woqi’w processi’ni’n` aktivligin ta`miynlew menen birge woqi’wshi’larg`a woqi’w elementleri’n sapali’ wo`zlestiri’wge ja`rdem beredi.

Nota sawati’n u`yryetiwde innovacion texnologiyalardan paydalani’wda nota sawati’n u`yryetiwdin` biri’nshi tayarlaw basqi’shi’nda, tiykari’nan woqi’wshi’lardi’n` muzi’kani’ woqi’w qabiletleri’ rawajlandiri’ladi’. Bul da`wirde woqi’wshi’lar, shug`i’llani’wlar bari’si’nda sesler xarakteri’stikasi’n «shawqi’mli’» ha`m « muzi’kali’ « sesler , « ba`lent « ha`m «pa`s «sesler, sesler ha`reketi, “sol`” gilti ha`m woni’n` qa`siyetleri’, giltti jaziw, nota joli ha`m woni’ si’zi’w shi’ni’g`i’wlari’’, notalardi’n` nota joli’na jaylasi’wi’ kibi bilimler beri’ledi . Sonday -aq, ruchka, qa`lem, si’zg`i’sh, wo`shirgish, da`pter ha`m woqi’w sabaqli’qlari’nan qalay paydalani’w ta`jiri’ybeleri’ rawajlandiri’ladi. Muzi’ka ma`deniyati sabag`i’ni’n` biri’nshi shug`illaniwlari’nda woqi’wshi’larg`a muzi’ka pa`ninin` mazmuni’ ha`mde woni’n` a`hmiyeti, wonda woqi’wshi’ wo`zin qanday tuti’wi’, wolardi’n` aldi’ndag`i’ wazi’ypalari’ haqqi’nda tu`si’nikler beri’ledi. Bulardi’ woqi’wshi’lar toli’q wo`zlestiri’p almag`ansha woqi’ti’wshi’ ha`r sabaqta bular haqqi’nda ta`kirarlap, yesletip turi’wi lazi’m.

Notalardi’n` nota si’zi’g`i’na jazi’li’wi’




Do - re - mi - fa - sol` - lya - si

Na`wbettegi sabaqlarda " shawqi’mli’ " ha`m " muzi’kali " sesler haqqi’nda mag`lumat beri’lip, " shawqi’mli’ sesler " qulaqqa jag`i’msi’z yesitiliwi ha`m wolar qalay payda boli’wi’, muzi’kali sesler tu`rli saz a`sbaplari’nan payda bolatug`inlig`i sebepleri’ seslerdin` ra`n` teren`ligi sebepli qulaqqa jag`imli’ yesitiliw qa`biletine iye yekenligin tu`si’ndiri’ledi. Sabaqlardi’ wo`tkeri’wde tu`rli ko`rgizbeli qurallardan paydalani’ladi’. Bunda tu`rli milliy saz a`sbaplari’ menen birge basqada millet saz a`sbaplari’ menen tani’sti’ri’w ha`m wolardi’n` atqari’windag`i’ notalardan u`lgiler (CD, DVD, magnit lentasi’ ha`m video jazi’wlar) ja`rdeminde yesittiri’w ha`m ko`rsyetiw mu`mkin. Ti’n`lang`an notalar haqqi’nda gu`rri’n`lesiw wo`tkeziledi.

Ba`lent ha`m pa`s sesler temasi’ arqali’ seslerdin` bir biri’nen parqi tu`rli haywanlar mi’sali’nda tu`si’ndiri’ledi. Sesler ha`reketi temasi’nda woqi’wshi’lar su`wretlerge qarap ga`p du`ziw ha`m tu`rli qosi’qlar, ma`selen, U. Abdullaevani’n` "Wo`pepek " qosi’g`i’nan u`zindiler atqari’w arqali’ u`yretiledi. Woqi’wshi’lar seslerdin` ba`lent pa`sligin Do majorda ayti’p kori’p, woni’ teksheler si’pati’nda ko`z aldina yelesletip u`yrenip, notalardi’n` jo`nelisi’n grafik si’zi’qlarda yelesletip bilip aladi’.

Notalardi’n` pianino klavishine ha`m nota si’zi’g`i’na jazi’li’wi’n u`yryetiw.




Usi’ si’zi’lma-ko`rgizbe arqali’ to`mendegi shi’ni’g`i’wlar a`melge asi’ri’ladi’.

1.Woqi’wshi’lardi’n` ses arali’g`i’ndag`i’ parqi’ fortepianodan yesitip, seslerdin` ba`lent-pa`sligi haqqi’nda tu`si’nigin wo`siri’w;

2.Sesler «tekshe»ler mi’sali’nda ko`rsetilgen si’zi’lma ja`rdeminde seslerdin` nota si’zi’qlari’na jaylasi’wi’n u`yretiw;

3.Woqi’wshi’larg`a seslerdin` xarakteri’stikasi’n ren`li su`wret arqali’ u`yryetiw ha`m kemelektin` jeti ren`i menen baylani’sti’ri’w ha`mde wolardi’n` insan ta`biyatina ta`sir yetiwshi ku`shin seziw.

Ko`rgizbeli qurallardag`i’ ren`li su`wretler arqali’ woqi’wshi’lardi’n` su`wretke qarap gu`rri’n`lesiw uqi’bi’da artadi’. Woqi’wshi’lar soraw-juwap arqali’ haywanlardi’n` ha`reketi, du`zilisi ha`m neler menen awqatlanatug`inlig`in bilip aladi’. Usi’lay yetip, su`wretlerge qarap a`n`gime du`ziw woqi’wshi’larda yeslep qali’wdi’, ta`biyat penen haywanat du`n`yasi’n u`yreniw, balalardi’n` ani’q so`ylew uqi’bi’n rawajlandi’radi’ ha`mde so`z bayli’g`i’n artti’ri’’wda u`lken ja`rdem beredi.

Ja`ne bir usi’l - woqi’wshi’larg`a qosi’q aytti’ri’p ati’ri’p woqi’wti’wshi’ bes barmag`i’n jayi’p, wolardi’ nota si’zi’qlari’ si’pati’nda qollani’p qosi’qtag`i’ seslerdin` joqari’g`a, yamasa pa`ske qarap ketetug`i’nli’g`i’n ko`rsetiwge boladi’. Melodiya woqi’wshi’lar biletug`in qosi’qlardan tan`lansa, woqi’wshi’ ushi’n temani’ yelede tezirek wo`zlestiri’wge ja`rdem boladi’. Nota joli’n

woqi’wshi’lar yadi’nda saqlaw ushi’n to`mendegishe soraw - juwap wo`tkizilyedi.

Woqi’ti’wshi’- Balalar qollari’n`izda neshe barmaq bar

Woqi’wshi’lar`- Besewden.

Woqi’ti’wshi`- Qa`ne, bas barmag`i’mi’zdan baslap sanap shi’g`ami’z.

Woqi’wshi’lar`-Qollari’n joqari’g`a ko`teri’p, shep qol barmaqlari’n won` qoli’ni’n` ko`rsetkish barmag`i’ menen bas barmaqtan baslap, 1, 2, 3, 4, 5 dep birgelikte sanaydi’.

Woqi’ti’wshi`-taxtadag`i’ nota joli’n ko`rsetip`-Nota joli’nda neshe si’zi’q bar?- Ja`ne soraw beredi.

Woqi’wshi’lar - Besew.

Woqi’ti’wshi’ - Duri’s, nota joli’nda neler jazi’ladi’.

Woqi’wshi’lar - Nota joli’na notalar jazi’ladi’.

**Nota jazi’wi’ a`dettegi jazi’wdan wo`zgeshe, bes parallel` si’zi’qlarg`a jazi’ladi’**



**Nota** si’zi’**qlari’ to`mennen joqari’g`a qaray sanalad**i’




Woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’larg`a nota joli’n si’zi’p u`yryetiwde, si’zg`i’shtan qalay paydalanatug`i’nli’g`i’n u`yretiwi kerek. A`lbette, balalardi’ bunday a`meliy iske tartqanda. Woqi’wshi’lardi’n` woqi’w qa`biletleri’ qay da`rejede yekenligine qarap qosi’msha tapsi’rmalar beri’p bari’w kerek.

Woqi’wshi’lar nota joli’ni’n` si’zi’qlari’n» shaqmaq» da`pterge jazsa qolayli’ boladi’. Woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’larg`a beri’lgen tapsi’rma qalay wori’nlani’p ati’rg`ani’n gu`zetip. Kerekli waqi’tta wolarg`a ja`rdem beri’wi kerek. Sabaqti’n` son`i’nda u`yge tapsi’rma si’pati’nda qosi’msha nota joli’n si’zi’w tapsi’rma yetip beri’ledi.

Notalardi’ u`yryetiw usi’llari’ni’n` biri’- rebuslar. Ma`selen “Do” notasi’nan rebus du`ziw- Do so`z buwi’ni’nan baslani’wshi’, yamasa so`zdin` wortasi’nda yamasa aqi’ri’nda keliwshi so`zlerdi du`ziw ha`m woqi’wdi u`yryetiwde, woqi’wshi’lardi’n` wo`z betinshe pikirlew qabiletin rawajlandiri’p, so`z bayli’qlari’n asi’rawda, so`ylew ma`deniyatin arttiri’wda ja`rdem beredi. Sonday -aq woqi’wshi’ so`zlerdi buwi’nlarg`a bo`liwdi u`yrenip. Woqi’w uqi’bi’ rawajlanadi’. Rebusti woqi’w ha`m du`ziw sabaqli’qta usi’ni’lg`an materi’allarg`a su`yengen halda ali’p bari’ladi’. Bul tema beri’lgen su`wretler haqqi’nda gu`rri’n` wo`tkiziw, su`wretke qarap ga`p du`ziw, so`z buwinlari’n duri’s ajiratiw ha`mde woqi’wshi’ni’n` mustaqil woqi’w, jazi’w uqi’bi’ arqali’ yeslep qali’w qabiletin bekkemlewge ulken ja`rdem beri’wge qarati’lg`an.

**Jumbaq usi’li’nda notalardi u`yretiw**




Woqi’ti’wshi’ shug`i’llani’wdi’ baslar yeken, woqi’ti’wshi’lardi’n` di’qqati’n aldi’n ala tayarlap qoyi’lg`an ko`rgizbeli yamasa sabaqli’qtag`i’ su`wretlerge qarati’p, bul su`wretlerge qarap ga`p du`ziwdi buyi’radi’.

Woqi’ti’wshi’ ko`rsetkishti Do notasi’na qoyi’p woqi’wshi’lardan qaysi’ ses yekenligin soraydi’. Woqi’wshi’lar "Do" sesti dep juwap beredi. Woqi’ti’wshi’ ko`rsetkishti Do notasi’ni’n` ha`ri’bine qoyi’p so`z buwi’nlari’n qosi’p woqi’wdi’ iltimas yetyedi. Woqi’wshi’lar Dos dep woqi’ydi’. Solay yetip

Dos, Dosan, Do-mi-no, po-mi-do-r so`zleri' woqi'ladi'. Ja`ne bir usi'li` so`zler toli'q jazi'lmay, woqi'wshi'lar toli'qti'ri'wi' kerek boladi'. Mi'sali', Re notasi'n, jazi'p qasi'na diska dep jazi'lsa, balalar bul so`zdin` rediska yekenligin tabi'wi' kerek boladi'. Woqi'wshi'larg`a skri'pka giltinin` yag`niy sol` giltin u`yryetiwde woqi'ti'wshi' da`slep a`piwayi' gilt ko`rsetip «bul gilt, al mi'na taxtada si'zi'lg`an skri'pka gilti bolsa barli'q saz ha`m qosi'qlardi'n` yesigin ashadi' «dep tu`si'ndiryedi.

Ko`pshilikke belgili, wo`zgeri'wdin` yen` jaqsi' usi'li' basqalardi' bir na`rse u`yryetiwge xa`reket yetedi. Bunda insan wo`zinin` ba`rshe bilimi ha`m mumkinshilikleri'n jumsap, bul waziypag`a na`tiyjeli jantasadi'. Wozara bir-biri'n woqi'ti'w usi'li' da sog`an tiykarlang`an boli'p wonda woqi'wshi'larg`a waqi'ti'nshali'q woqi'ti'wshi'li'q rolin woynawdi' usi'ni'ladi ha`m wolar topardag`i' basqa woqi'wshi'lardi' u`yrenilip ati'rg`an tema menen baylani'sli' tekstler, qag`i'ydalar, qosi'q taktleri' yamasa mag`lumatlar menen islewge u`yryetiw mumkinshiligine iye boladi' ha`m de woqi'ti'wshili'q isi'nde qi'yi'nshi'li'qqa ushi'ramaydi'. Topardag`i' ha`r bir talabag`a qa`legen bir qosi'qtag`i bir tu`r notalar tarqati'ladi' woqi'wshi'lar izbe-iz woqi'ti'wshili'q yetedi. Bir woqi'wshi' woqi'ti'wshi' rolin wori'nlaydi' ha`mme woqi'wshi'g`a tarqatpa materyallar tarqati'ladi'.

Woqi'ti'wshi' :

*Muzi'ka shi'g`armasi'n mazmuni'n ayti'p beredi;

*Shi'g`arma bolegi boyi'nsha sorawlar woylap tabi'p, wolarg`a basqa woqi'wshi'lardi'n` juwap beri'win soraydi';

*Basqalar ushi'n tu`si'niksiz bolg`an jaylari'n qayta tu`si'ndiri'wge ha`m wolardi'n` mazmuni'n shi'g`ari'wg`a ha`reket yetyedi;

*qosi'q bolegi keyinde qanday muzi'ka keliwin ayti'p ha`m tu`si'ndiri'p wo`tedi;

*Nama bo`legin keyingi bolegin ayti’w ha`m ken`rek analiz yetiw ushi’n tapsi’rma beryedi.

Yamasa basqa pa`n boyi’nsha bir temadag`i’ bir tekst bolegin usi’nday woqi’ti’wshi-woqi’ti’wshi roli arqali’ a`melge asi’ri’wg`a boladi’. Bunday tu`rdegi sabaqti’n` baslani’wi’nda yen` da`slep woqi’ti’wshi’ni’n` wo`zi woqi’wshi’g`a bul usi’ldi’ ani’q ha`m rawshan ko`rsetip beri’wi kerek boladi’. Misal ushi’n “Qanday” organayzerdi toldi’ri’w shi’ni’g’i’wi’n korsetemiz.

Kerekli ma`seleni sheshiwge ja`rdem beredi ha`m “Qanday?” soraw arqalı waziypa etip ma`sele orındanadi’.




Soni’n` ushi’n da ol woqi’wshi’larg`a wo`zinin` teksttinin` biri’nshi bolegi boyi’nsha sawbette baslawshi’ boli’wi’n bildiredi ha`m wolardan bul processti’ di’qqat penen baqlaw kerekligin soraydi’. Woqi’wshi’lardi’n` wo`zleri’ de bul usi’lda sabaq ali’p bari’wlari’ za`ru`rligin bilgenleri’nen son` woqi’ti’wshi sabaqti’ di’qqat penen baqlaydi’ ha`m de kerekli juwmaqlardi’

shi’g`aradi’. Woqi’ti’wshi’ joqari’da ayti’p wo`tilgen bes basqi’shdan tu`ratu`g`in xa`reketler izbe izligin woqi’wshi’larg`a ken`rek tu`si’ndiri’p bolg`annan keyin ha`r bir basqi’shda ne qi’li’w kerekligin ani’q ha`m toli’q woqi’ti’wshi’ni’n` wo`zi ko`rsetip beri’wi za`ru`r. Bulardan ti’sqari’ woqi’ti’wshi teksti yamasa takt notasi’n qanday usi’lda maqsetke say bolg`an boleklerge bo`li’w waziypasi’n da aldi’nnan belgilep ali’wi’ kerek. Bunda tiykarg`i’ wo`lshem si’pati’nda tanlang`an tekst bolegin 8-10 minut dawami’nda dodalaw is na`tiyjeliligin bildiryedi. Demek, tekst boleklerge bolgende wolardin` ha`r bir ayri’m boleginde qanday tu`rdegi ha`m wo`lshemdegi mag`lumatlar barli’g`in yesapqa ali’w kerek boladi’. Yag`niy woqi’wshi’dag`i’ bar bilimler bul woyi’nda ko`ri’nyedi.

Sorawdi’ da ma`nisli, belgili wo`lshemlerge qaray beri’w maqsetke say, bunda woqi’wshi’larg`a soraw beri’w ta`jiri’ybesi’n ko`rsyetiw kerek boladi. Sorawlar tekst (nota) boleginde bar bolg`an pikirlerdi aniqlastiri’w ha`m de ja`nede teren` tu`si’ndiri’w, wonda ayti’lmag`an (biraq jasi’ri’n jag`dayda bar) ta`repleri’n ani’qlaw ha`m de wolardi’ woqi’wshi’lardi’n` pikirleri’ menen sali’stiri’w maqsetinde beri’lgeni maqul. Woqi’tiwshi’ belgili tu`rdegi ha`m sol mazmundag`i’ sorawlar ja`rdeminde woqi’wshi’lardi’n` tarawdi’ wo`zgertiri’w processi’n mumkinshilik bolg`ansha maqsetli tu`rde basqari’wi kerek. Tekstin` keyingi boleginde ne keliwi mumkinligi tuwrali’ wo`z pikirleri’n ayti’wda woqi’ti’wshi wo`z shaxisiy pikirleri’n bildiri’wi yamasa bul tuwrali’ woqi’wshi’lardi’n` pikirleri’n de sorawi’ mumkin. Yeger woqi’wshi’lar biri’nshi shi’g`i’w waqi’ti’nda usi’ldi’n` mazmuni’na toli’q tu`si’nbese yamasa sha`rtli «woqi’ti’wshi» si’pati’nda islewge qi’ynalsa, woqi’ti’wshi’ wolarg`a ba`rshe basqi’shlardi’ ja`ne bir ma`rte ken`rek tu`si’ndiri’p, yekinshi ma`rte ko`rsyetiw processi’n a`melge asiri’w maqsetke say.

Prezidentimiz I.A. Kari’movti’n` da`lillep ko`rsetkenindey, ruwxiyli’q, ma`deniyatlili’q bul adamda da`rri’w payda bolatug`in, aspannan tu`setug`in bir siyli’q yemes. Bug`an jeti’siw ushi’n adam qoli’, aqi’li’ menen ju`regi ha`m bar

ar-nami’si’ menen miynet yetiwi tiyis. Bul bizge xali’q arasi’nda ag`artiwshili’q jumislardi yele de ku`sheytiw ata-babalari’mi’zdan bizge miyras boli’p jetip kelgen xalqi’mi’zdi’n` u`rp-da`stu`rleri’ne sadi’q boli’w ha`m bay ma`deniyat miyraslari’mi’zdi’ rawajlandi’ri’w usag`an u`lken wazi’ypalardi’ ju`kleydi. Xali’q qosi’qlari’na mu`ra`ja`t yetiwdin` wo`zi u`lken ta`rbiyali’q a`hmiyetke iye. Woni’ aktiv wo`zlestiri’w, xali’q muzi’kasi’na bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’qti’n` qa`liplesiwinde a`mel boladi ja`ne wo`z gezeginde tuwg`an u`lkege, Watang`a su`yispenshilik, patri’otli’q sezimlerdi ta`rbiyalawda a`hmiyetli sharayat tuwi’ladi. Bunnan basqa xali’q qosi’qlari’n atqari’w bul wo`zinin` ta`biyatina qaray qaynag`an ko`rkem obrazlardi ja`mlegen melodiya ha`m tekst, ha`reketlerdin` yadtan toqi’wshi’li’g`i’ menen baylani’sli’ bolg`an do`ryetiwshilik iskerlik boladi’. Ha`zirgi waqi’tta ayri’m baslawi’sh klass mug`allimleri’ muzi’ka sabaqlari’na itibarsizli’q penen qarap, qosi’q, muzi’ka sabaqlari’n dem ali’s sabaqlari’na aylandi’ri’p jiberedi. Geypara mekteplerde klasstan ti’s, mektepten ti’s jumislari’ duri’s jolg`a koyilmag`an, yag`niy muzi’ka do`gerekleri’, klublar joqti’n` qasi’nda. Ayri’m mektep basshi’lari’ bunday jag`daydi ma’sele si’pati’nda qarap, saz a`spablari’n ali’w ushi’n qarji’-qa`rejetti si’ltawlaydi’.

Xalqimiz a`zelden jaratiwshi, do`retiwshi bolg`an sol sebepli milliy saz aspablardi balalardin` wo`zleri’ qoldan jarata aladi’. Mi’sali’: qami’stan; qami’snay, si’bi’zg`i’; i’laydan; saznay, u`shpelek, suwqabaq, asqabaqlardan; uri’p shertetug`in a`spablardi’ islewge boladi’, bul da bir balalarda wo`z aldi’na do`retiwshilikti ka`sip yetyedi. Biri’nshi gezekte bul ma`selege baslawi’sh klass mug`allimi jan ku`ydiri’w kerek. Bunday fol`klor ansamblleri’n du`ziw hesh qanday mashqala tuwdi’rmaydi’. Sebebi wolar xali’qti’n`, milliy woyi’nlari’n, u`rp-a`det, salt-da`sturleri’n balalar hareketleri’ menen xali’q awizeki a`debiyati’n rawajlandiri’p qoymastan, balalarda di’qqatti’, atqari’wshi’li’qti’, yadtan toqi’wshi’li’q (improvizaciya) so`ylew ma`deniyati wo`siw menen birge, xali’q do`retpeleri’ menen ata-babalar miyrasi’na bolg`an hu`rmeti qa`liplesyedi.

Yeger biz bunday miyrasqa itibarsizli’q yetsek, wonda keleshekte jaslari’mi’z bati’s ma`deniyati’na qushtar boli’p, wo`z xali’qti’n` qa’diri’yatlari’n mensi’nbeytug`in boladi’, a`ne bul yen` u`lken mashqalag`a aylanadi’.

Bizin` maqsetimiz ha`r bir balani’ mektepke qaray talpi’ndi’ri’w, mektep qushag`i’nda balag`a yerkin do`retiwshilik atmosferasi’n jarati’p beri’w. Soni’n` ushi’n muzi’ka sabag`i’ uli’wma ta`lim sistemasi’ni’n` aji’ralmas bo`legi yesaplanadi’. Sebebi muzi’ka balalarda do`retiwshilikti emocional rawajlandiri’p wolardin` ko`rkemlik talg`ami’n bayi’tadi’. Al bul – balani’n` shaxs boli’p qa`liplesiwine bekkem jol boladi’. Ansambl` qatnasiwshilari’ kishi yamasa wo`spiri’m jaslardan qa`liplesken boli’wi’ mu`mkin. 6, 7 jastag`i’ balalar salt-da`stu`r ji’rlari’n, woyin jag’daylari’ (situaciyalari’) arqali’ beri’letug`in ha`m za`ru`r emociyali’q keypiyatti’ payda etetug`in besik ji’ri’, yaramazan, tusaw kesiw, bet ashar, man`nay shertpek, a`welemen-duwelemen, tu`lkishek, aq terekpe ko`k terek, ha`kke qayda woyi’nlari’n qanaatlani’wshi’li’q penen qabi’llaydi’, al biri’nshi sabaqtan-aq a`piwayi ha`reketlerdi qollani’w ha`m wolardi’ atqari’w do`ryetiwshilik uqi’pli’qti’n` da`slepki qa`liplesiwi boladi’. Ansambl` repertuari’na anaw yamasa mi’naw region ushi’n xarakterli bolg`an saralang`an xali’q qosi’qlari’ kiredi, al soni’n` menen birge ayqi’n xali’q da`stu`rleri’n wo`zinde ja`mlegen avtorli’q shig`armalar da kiredi. Wolar balalarg`a mazmuni’ boyi’nsha tu`si’nikli, wolarda qi’zi’g`i’wshi’li’q woyati’p ha`m soni’n` menen birge atqari’wshi’li’q mu`mkinshiligine say boli’wi’ kerek. Qi’yi’n ha`m awi’r shi’g`armalardi’ paydalani’w hawaztaniw, hawaz shi’g`ari’w ko`nlikpeleri’ni’n` qa`liplesiwine keri’ ta`sir yetetug`i’nli’g`i’ belgili ha`m aqi’ri’nda so`ylew ha`m dem ali’w worganlari’ni’n` jumi’slari’ni’n` turpayi’ buzi’li’wi’na ali’p keliwi mu`mkin. Za`ru`r bolg`an qosi’qshi’li’q ko`nlikpeleri’n qa`liplestiri’w ushi’n a`melde xali’q irg`ag`inda ta`biy lapi’zg`a yeri’siwge ja`rdemlesetug`in ha`r qi’yli’ shi’ni’g`i’wlardan paydalanadi’. Qatnasi’wshi’larg`a muzi’kali’q fol`klordi’ iyelewde ha`r qi’yli’ tapsi’rmalar beri’lyedi, wolardi’ wori’nlaw na`tiyjesi atqari’w ushi’n za`ru`rli bolg`an

do`ryetiwshilik qa`bilietin rawajlandiradi’. Mi’sali’, balalar beri’lgen ri’tmlerge tekstler jaratadi’, melodiyalardi’ gu`jityedi, muzi’kag`a ha`reketler toqi’ydi’.

Do`ryetiwshilik ko`z qarasti’ rawajlandiri’wg`a minanday a`meller ja`rdem beredi: belgili xali’q yertekleri’nin` u`lgileri’ne, personajlari’ qaytalanbaytug`in ha`r qi’yli’ haywanlar ha`m quslardan ibarat bolg`an shi’g`armalarg`a mu`ra`ja`t yetiw. Do`ryetiwshilik uqi’pli’li’qqa iye boli’w ko`rkem obrazdi’ jarati’wdag`i’ qosi’q ayti’w, ha`reket ha`m so`zlerdin` organikali’q biri’kpeleri’n jetilistiri’wge a`mel boladi’. Ta`jiri’ybeni’n` arti’p bari’wi’ menen qatnasi’wshi’lar quramali’raq ayaq woyi’n ha`reketleri’nde wo`zlestiri’p, shi’g`armag`a qosi’msha dawi’slar shi’g`ari’wg`a ha`m qosi’qti’ atqari’w jobalari’nda du`ziwge kiri’syedi. Balalarda muzi’kali’q talg`amdi tin`law ma`deniyatina ta`rbiyalawda, ko`z-qarasi’n ken`eytiwde xali’q muzi’kasi’ koncertleri’ne bari’w, al jane de shi’g`armalardi’ magnit lentalari’nda, DVD, CD disklerde yesitiw a`mel boli’wi’ menen birge son`i’nan wolardi’n` atqari’w sheberlikleri’n pikirlesiw, wortaqlasi’w ha`m tali’qlaw. Fol`klor ansambli menen jumi’s islew mug`allimnen qosi’q materi’allari’n yeri’nbey tali’qlaw, jazi’lg`an xali’q qosi’qlari’n tin`law ha`m teren` u`yreniw, repertuardi aktiv wo`zlestiri’w usi’llari’n ha`m qurallari’n izlewdi talap yetyedi,- bulardi’n` barli’g`i’ mektep woqi’wshi’lari’ni’n` xali’qti’n` ruwhiy ma`deniyati menen tabi’sli’ tillesiwine girew boladi’.

Muzi’ka sabaqlari’ wo’zinin’ woyin elementleri’ menen, ko’rkem ta’sirshen’ligi menen basqa sabaqlardi u’yreniwde ten’ salmaqli’lig’in uslap turadi’. Balani’n’ zeynin wo’tkirlep, basqa pa’nlerdin’ materi’alin jaqsi’ qabi’llawg’a imkaniyat jarati’wi’ menen birge, ko’rkem-wo’nerdin’ basqa tu’rleri’ne qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’radi’. D. B. Kabalevskiydin’ aytqani’nday «Uli’wma muzi’kali’q ta’rbiyani’n’ basli’ waziypasi’, tek g’ana muzi’kag’a woqi’ti’p qalmastan, muzi’ka arqali’ woqi’wshi’ni’n’ ruwxiy du’n`yasi’na, minez-qulqi’na ta’sir yetiw» .

G’.Amaniyazov bala-baqshalari’ ushi’n «Kelin’ birge qosi’q aytayi’q» atli’ muzi’kali’q shig’armalar toplami’n shi’g’arg’an yedi. Yendi tap sonday xrestomatiyalar baslang’ish ta’limnin 1-4 klasslari’na da kerek yekenligi sezilmekte. Prezidentimizdin’ «Joqari’ ruwxiyli’q –jen’ilmes ku’sh» atli kitabi’nda «ruwxiy pa’kleniwdin’ tiykari’ –bul milliy qa’diri’yatlari’miz, milliy muzi’kamiz» –degen yedi. Milletti, xali’qti ken’ tu’rde wo’z ishine qamti’p alatug’i’n muzi’kali’q ta’rbiya-bul tek g’ana mektepte h’a’m balalar baqshalari’nda g’ana bir pri’ncipte h’a’m woqi’w plani tiykari’nda sho’lkemlesiwi mu’mkin. Al basqa, xor do’gerekleri’, jaslar koncertleri’, wolar mekteptegi muzi’kali’q ta’rbiyani toli’qti’ri’wi’ mu’mkin, biraq worni’n basa almaydi’. Ha’zirgi waqi’tta ilim texnikani’n’ jedel (progressiv) rawajlani’w da’wiri’nde, innovacyali’q texnologiya usi’llari’nan ken’ paydalasaq jaslardi’n’ bilimge ha’m ilimge bolg’an qi’zig’i’wshi’lig’i’ni’n’ arti’wi’ so’zsiz.

Sabaqtan ti’s do`gerek jumi’slari’ woqi’wshi’lardi do`ryetiwshilikke, wo`z betinshe jumi’s ali’p bari’wg`a shaqi’radi’. Buni’n` ushi’n do`gerek basshi’si’ wo`zinin` majburi’yati ha`m de wazi’ypasi’n biliwi kerek. Woqi’wshi’lardi’n` wo`z betinshe islew ushi’n qalay mag`lumat ali’wdi’, do`gerekte qalay islewi, wo`zin qalay yerkin tutiwi, ja`miyetke qanday insan, shaxs boli’p jyetilisiwinde u`lken rol woynaydi’. Balalardi’n` keleshekte kim boli’wi’ ushi’n de bul ta`rbiya isleri’ u`lken a`hmiyetke iye. Bunda balani’n` sezilerli qa`biliyetin shig`ari’w ushi’n belsene ta`rbiyashi’ pedagoglari’mi’z jumi’s ali’p bari’wi kerek boladi’. Bul bolsa ja`miyet ushi’n jaqsi’ kadr qa`niyge jyetilisip jig`iwinda ko`mekles boladi’ ha`m de zamanagoy alg`a rawajlani’w ushi’n ma`mleket ushi’n xizmet yetedi.

# JUWMAQLAW

Rawajlanip kiyatirg`an jas a`wladti ta`rbiyalawda yelimiz aldi’ndag`i’ basli’ waziypa, ko`rkem - wo`nerdi rawajlandiri’w ha`m ha`r bir adamni’n` uqi’bi’na qaray bilim ali’wlari’ ushi’n, real sharayatlardi’ jarati’p beri’w. Bul waziypalardi’n` a`melge asi’ri’li’wi’, a`sirese g`a`rezsizlik ji’lari’nan son` muzi’kali’q bilimlendiri’winin` qi’zg`i’n rawajlani’wi’na unamli’ ta`siri’n tiygizyedi. Jan`a insanni’n` qa`liplesiwinde ha`m rawajlani’wi’nda muzi’ka pedagogikasi’ni’n` a`hmiyetli roli wog`ada ulli’. A`sirese, uli’wma bilim bertug`i’n mekteplerde baslawi’sh ha`m worta klasslarda muzi’ka sabag`i’ni’n` woqi’ti’w metodikasi’, woqi’wshi’lardi’n` muzi’kali’q bilim iyelewi menen birge wolardi’n` uqi’pli’li’qlari’n ha`r ta`repleme joqari’ da`rejede rawajlandiri’wi’n ta`miynlep bari’wi’ tiyis. Muzi’ka tarawi’ndag`i’ do`retilgen miynetlerge na`zer salatug`in bolsaq, Worta Aziya muzi’ka haqqi’nda bahali’ mag`li’wmatlardi’ IX-a`sirden baslap saqlani’p kiyatirg`an jazba dereklerden ali’wg`a boladi’[7] (17). Worta a`sirlerde muzi’ka ilimi wo`zgeshe rawajlani’p baslaydi’.

Ulli’ ilimpazlar ha`m muzi’ka teori’yasi’ni’n` tiykari’n Sali’wshi’lar Abu Ali Ibn Sino (X-XI a`a`), «Bilim kitabi», «Muzi’ka traktati» miynetleri’n do`retedi. Muxammed Farabiy. «Kitap bul musiqiy a`l ka`br», «Halamfan ilim musiqiy» h.t.b. miynetleri’n islyedi. Aburaxman Jamiydi’n` (XV a`) «Risalaydar ilim musiqiy», «Muzi’ka ilimi haqqi’nda-traktat» atli’ kitabi’nda ri’tm, lad h.t.basqalar haqqi’nda ken`nen so`z yetiledi. Darvish Ali Changi (XVII-a`) «Muzi’ka ha`m ilim» miynetleri’n do`retedi. XX-a`sirdin` baslari’nda Qoqanda shayi’r, kompozitor ha’m pedagog Xamza Xa`kimzada Niyaziy ta’repinen do`retken, jan`a metodikalarg`a tiykarlani’p mekteplerde, qosi’q sabaqlari’n woqi’ti’p baslaydi’. Bul muzi’ka ko`rkem-wo`neri’nin` rawajlani’wi’na ha`m wo`sip kiyatirgan jas a`wladti’n` muzi’kali’q bilimine iye boli’wi’na ali’p keledi.

---

[7] H..Ywldasheva «Uzbekistonda-musiqa tarbiyasi va ta`limning rivojlanishi» «Uqitivchi» 1985 y

A`debiy woqi'w sabaqlari'nda muzi'ka ha`m qosi'q sabaqlari'n baylani'sti'ri'p woqi'tqan. Balalar qosi'qlardi' gramzapisi'nde tin`lag`an. Bul balalardi'n` estetikali'q ta`rbiyalani'wi'ni'n` jan`a formasi' yedi. 1960-jillarg`a shekem ha`r qi'yli' usi'llarg`a tiykarlani'p qosi'q sabaqlari' woqi'ti'li'p bari'lg`an, biraq wol woqi'ti'w usi'llari' sistemali'q tu`ri'nde qa`liplespegen yedi. Qosi'q sabag`i'n woqi'ti'w metodikasi'n do`retken miynetleri' menen tani'si'p shi'g`atug`i'n bolsaq, 1960-jillarg`a kelip Berkman, Gri'shenko ha`m basqada pedagoglardi'n` qatnasi'g`i'nda «balalardi'n` muzi'kali'q yesitiw yeleslewleri'nin` qa`liplesiwi» u`stinde ta`jiri'ybe jumi'slari' ali'p bari'ladi'. Yen` tiykarg`i' jumi'slari'ni'n` na`tiyjesi, balalardi'n` muzi'kali'q yesitiw eleslewleri'ni'n` qa`liplesiwi ushi'n sistemali'q shi'ni'g`i'wlardi' islep shi'g`i'wi' ha`m de woqi'ti'wdi'n` uli'wma sistemasi'ni'n` do`ryetiliwi boli'p tabi'ladi'. «İnnovacion ta`lim» degende a`dette woqi'w processi'ne jan`a (paydali') elementler ali'p kiri'w tu`si'niledi. Interaktiv usi'ldi' qollani'wda mug'allimnin' worni' woni'n` texnikali'q ta`lim beri'winde yemes balki sabaqti' na`tiyjeli ha`m sheberlik penen wo`tiliwinde boli'p yesaplanadi'. Interaktiv sabaqlarda mug'allimnin' worni'-bul qatnasi'wshi'lardi'n' iskerligi natiyjesi'nde sabaqti'n' maqsetine yeri'siwge bag'darlaw, woqi'ti'wshi' sabaqti'n' rejesi'n izleydi (a'dette, bul woqi'wshi' interaktiv shi'ni'g'i'wlar ha'm tapsi'rmalardi' wori'nlaw bari'si'nda temalardi' wo'zlestiryedi). Jan`a ta`lim diziminde sabaq beri'w sistemasi'nda muzig`ka ta`lim arqali' woqi'wshi'lardi' do`retiwshilik qa`bilietini rawajlandiri'wda jan`a innovacion texnologiyalar tiykari'nda sabaq wo`tiw ushi'n joqari'da ayti'li'p wo`tilgen na`tiyjeli izertlew ta`lim juwmaqlari' ha`m de usi'ni'slari'nan metod si'pati'nda sapali' paydalani'w, wo`z u`stinde izleniwi, woqi'wshi'lardi'n` jas wo`zgesheligine, psixologiyali'q wo`zgeshelikleri'n yesapqa ali'p, bugingi ku`ngi sabaq na`tiyjesi'ni kelesi sabaq proektini duzgeninde paydalani'w bugingi ku`ngi zamanagoy woqi'ti'wshi'si'ni'n` a`piwayi' jumi'si' boli'p qalmaqta. Sabaq processi'nde woqi'wshi'lardi'n` do`ryetiwshilik qa`biliyetin ju`zege shig`ari'w woqi'ti'wshi' ha`m de ta`rbiyashi'ni'n` yen` tiykarg`i waziypasi' boli'p yesaplanadi'.

Sonday-aq, muzi’ka sabag`i’ na`tiyjesi’nde woqi’wshi’lar bir bilim ha`m jan`a mag`lumatlar ali’p biliwi, bul alg`an bilim ha`m de ko`nlikpeleri’n social wo`mirge kerek yekenligin seze ali’wi’, wo`zinin` shaxs si’pati’nda ja`miyette wori’n iyellewi mumkinligin bildiri’p bari’wi wolardi kamillik qaray jetekleydi.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar:


1. Kari’mov.I.A. «Yuksak ma`naviyat engilmas kuch». T.: 2008.
2. Azizxodjaeva.N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Oquv qollanma.-T.: 2006, 160b.
3. Baslawi’sh ta`lim koncepciyasi- «`Baslawi’sh ta`lim»` j-li. №6 –1998 j.
4. Didaktika.1997 y. «Fan»nashri’yoti. -255b.
5. Ishmuhammedov «Ta`limda innovacion texnologiya» 2010y Toshkent. Fan nashri’yoti 232b
6. Internet betleri’:

   http://www.chari’tynet.net

   http://www.developmentgateway.com

   http://www.devdir.org/ri’ght.html

   http://www.fundersonline.org/

   http://www.internationaldonors.org

7. Kabalevskiy. D. Programmi sr. obsheobrazovanniy shkoli. Muzi’ka 4-7 klassi Moskva, «Prosveshenie» 1988
8. Kabalevskiy D.B.Programmi sr.obshobr.shkoli 1-3 klassi trexletney nachal`noe shkoli Moskva, «Prosveshenie» 1988
9. Kabalevskiy D.B. Programmi sr. obsheobrazovanniy shkoli. Muzi’ka 4-7 klassi Moskva, «Prosveshenie» 1988.
10. Nurmatov.X, Mamirov.Q. «Umumiy urta talimning davlat talim standarti va wquv dasturi’» Toshkent 1999
11. Omonullaev D. «1 si’nf uchun musiqa darsligi» Toshken, 1997
12. Romanova.S.E. Muzi’ka woqi’ti’wdi’n’ innovacion texnologiyasi’. Lekciya toplami. 2012j. -162b

13. Shayakubov Sh.K., Ayupov R.X. Interfaol ta’lim usullari’. – T.: TMI, 2010. – 128 bet

14. Shari’pova.G.M. «Musiqa uqiti’sh metodikasi» Bolalar cholg`u asboblari’da jur bulish 22 bette. Toshkent 2003

15. Shari’pova.G.M. «Musiqa oqiti’sh metodikasi» Toshkent 2003-jil

16. Shari’pova.G.M. «Musiqa uquvi bush bulgen bolalar bilan ishlash metodi». 30-bette

17. Yoldasheva H. «O’zbekistonda-musiqa tarbiyasi va ta`limning ri’vojlanishi» «Uqitivchi» 1985 y